


CHINHANDO CHAZVINO

CHESHUMIRO YANGU

 ...?..ndakaneta zvikuru nekurukutika. Uye takava nekuyanana kuzhinji kwazvo tiri munzira, misangano yakaisvonaka kwazvo, nekukwazisa Makristu kubva panzvimbo nenzvimbo, kubva kumusoro, zasi kuMahombekombe okuMabvazuva, uyewozve kukwidza kuMahombekombe okuMadokero kunopinda muCanada. Uye nekushandira pamwe kwakanaka pakati pemachechi ese akasiyana emasangano, eAssemblies of God, neUnited Pentecostal, Church of God, Foursquare, uye nemazhinji emamwe masangano akabatana, paine misangano mikuru. Kubudirira kukuru, sezvakungagona kunzi kubudirira nhasi, uye pamwe zvichida vazhinji vangakudaidza kuti “kukuru.” Asi, pachezvangu, ndiri mu—mu—mumutsiridzi. Zvino rumutsiriro, tichitaura munyika, rwava kuda kupera. Uye tiri . . .Ndinofarira kuona rumutsiriro apo mwoyo iri kubvira nemoto, kwete kuwedzera nhengo, asi rumutsiriro. Ishe vedu vakaita zvishamiso zvakawanda zvekuporesa vanhu, uye, chokwadi, vazhinji vakaponeswa. Uye zvino ndiri kumba, ndichizorora kwekanguva, uye ndichadzokera mushumiro mumavhiki mashoma, Ishe vachitendera.

² Uye zvino izvi ndezvekuvanhu vazhinji neshamwari dzangu pasi rose. Ndinoda kutaura manheru ano, muno mutabhenakeri. . .Kana imi, chero dai ani wenyu aivepo uye aikwanisa kuona, vari kudziyirwa chaizvo mutabhenakeri manheru ano. Vanhu vakazara mukati nemativi ese, vakamira mukati, nekunze mumotokari dzavo nezvinhu, uye kuri kupisa zvikuru, uye zvingaomera vanhu uye neniwo zvekare.

³ Asi ndasvika panzvimbo ino yandinoda kutsanangura kuti chinhandho chipi chenguva chatiri kurarama machiri maererano neshumiro yandakapiwa naShe. Uye ndaida kuirekodha kubva mutabhenakeri. Yakauya pamoyo pangu pfumvudza yapfuura, asi ndakamirira kusvika ndadzoka kuno kuti ndigone kuire—rekodha, kuti ndiitumire kwamuri imi vanhu vemunyika.

⁴ Ave makore anenge makumi matatu nemaviri akapfuura, kuti apo Ishe Jesu, mukati memayadhi zana nemakumi mashanu kubva pandimire zvino, muno muJeffersonville pana Eighth naPenn Street, mangwanani pandakaisa ibwe repakona patabhenakeri ino, ichingori ipapo nzvimbo hayo ine machakwi. Uye ndaigara uko mhiri kwenzira kuruboshwe kwangu pano. Yaive nguva iyo ndisati ndaroora. Ndaigara

nababa naamai vangu. Ndipo Ishe Jesu pavakandimutsa mangwanani ekuti ibwe repakona raizogadzikwa, angaita mangwanani-ngwanani, kuma six o'clock. Zvino ndakange ndave nenguva ndirere pamubhedha, nemoyo wangu uzere nemufaro, ndichifunga nezvenguva huru iyi yekuti Ishe Mwari vaizondipa tabhenakeri yokuparidzira mairi. Ndaingovawo mukomana wechidiki panguva iyoyo. Uye zuva iroro ini... musikana wandaifambidzana naye, uyo aizove mudzimai wangu munguva shoma gore raitevera, aizenge achiva nesu pazuva rataisa dombo repakona.

⁵ Uye ndinorangarira mangwanani iwayo pandakanga ndamuka, uye ndakarara mukamuri iyi, muimba yepamusoro ipo pano pana Seventh Street. Chimwe chinhu chakati, "Simuka umire netsoka dzako." Zvino ndakasimuka. Zvino ndakaona, seyainge, nzvimbo huru, uye yakanga yakaita senzvi—nzvi—nzvimbo iyo yavai...rwizi rwaiyerera mumupata. Zvino ndakasvika zasi ikoko kurwizi uye ndikanzwisisa kuti yaive nzvimbo iyo Johane Mubhabhatidzi akambenge achibhabhatidzira vanhu, uye vakanga vaishandura kuiita nzvimbo yenguruve. Uye ndakazvishora zvikuru, ndichingotaura kuti hazvifaniri kuitwa.

⁶ Uye ndiri ipapo, pakanga pane i—Inzwi rakataura neni zvino ndokundisimudza mudenga, zvino ndakacherechedza tabhenakeri iyi iri muchimiro chakangoda kuita sechairs iko zvino. Asi pakanga paine vanhu vakawanda zvekuti vakanga vakangomanikidzana mukati, mutabhenakeri, muchinhano ichochi, chakangoda kuita sechinhano chairs iko zvino. Uye nda—ndaifara, ndakamira kuseri kwepurupiti, ndichiti, "Mwari, Makanaka sei pakundipa tabhenakeri."

⁷ Zvino, panguva iyoyo, Mutumwa waJehovha akataura neni, ndokuti, "Asi ino haisi tabhenakeri yako."

Ini ndikati, "Zvino, Ishe, tabhenakeri yangu iripiko?"

⁸ Zvino Akanditakura muMweya zvakare, ndokundigarisa pasi musango remiti. Zvino zasi-zasi kwesango kwaingova nemitsara yemiti yakamira yakaenzana, yakareba mafiti angaita makumi maviri, kana makumi matatu. Uye yaitaridzika semiti yemichero, uye yakanga iri mumigomo mikuru kwazvo yegirinhi.

⁹ Zvino ipapo ndakacherechedza kuruoko rwangu rwerudyi nekuruoko rwangu rweruboshwe, paiva nemugomo waiva usina chinhu kumativi ose maviri, ini ndikati, "Ko iyi?"

¹⁰ Zvino Akati, "Uri kufanira kudyara mairi." Saka ndakadhonza davi kubva pamuti waive uri kurudyi rwangu ndokuriisa mumugomo waive kudivi rekurudyi, uye davi kubva kuruoko rworuboshwe zvino ndokuriisa mumugomo kurutivi

rwekuruboshwe. Nekukasika akakura nzira yose kusvika kumatenga.

¹¹ Uye Akati, “Tambanudza maoko ako uunganidze michero yacho.” Zvino mune rumwe ruoko makadonhera apurosi guru reyeru, rakapfava uye rakaibva. Uye mune rumwe ruwoko makawira puramu guru reyeru, rakapfava uye rakaibva. Ndokuti, “Idya michero yacho, nokuti inonaka.” Uye ndakadya kubva kune rwumwe uye nokubva kune rwumwe rwacho, yainaka kwazvo. Munoziva chiratidzo, chakanyorwa mune rimwe remabhuku, ndinofunga, *Nhoroondo YeHupenyu*, kana *Muporofita Anoshanyira Africa*.

¹² Uye pakare ipapo ndakasimudza maoko angu, uye ndaidanidzira kubwinya kwaMwari. Zvino kamwe-kamwe, Shongwe yeMoto iya yakadzika napamusoro pemiti iyoyo, uye kutinhira nemheni yakapenya, uye mhapo dzikavhuvhuta zvine simba chaizvo, uye mashizha akatanga kuvhuvhutwa achibva pamiti. Zvino ndakatarisa zasi-zasi, hepanoi pakamira chimiro chetabhenakeri ino, mamiro ayakaita zvino. Zvino kumagumo kwaizova nepurupiti, paive nemiti mitatu, uye miti mitatu iyoyo yakatora chimiro chemichinjikwa mitatu. Zvino ndakacherechedza kuti zvese mapuramu nemaapurosi zvaive zvakaungana muzvitsumbu zvakaпотeredza muchinjikwa wepakati. Zvino ndakamhanya nokukurumidza chaizvo, ndichishevedzera nepamusoro peizwi rangu, ndikawira pasi pamuchinjikwa uyu, kana kuti pane muchinjikwa, ndikaumbundira nemaoko angu. Zvino mhapo dzakatanga kuzunguza, uye mi—michero kubva pamuchinjikwa, zvino yakawira pose pamusoro pangu. Uye ndaifara zvikuru, ndichingopembera. Zvino Akati, “Idya muchero wacho, nokuti unonaka.”

¹³ Uye ipapo kutenderera uku kweMoto kwakadanidzira, ndokuti, “Goho raibva, uye vashandi ndivo vashoma.” Zvino Akati, “Zvino, kana wazobengenuka zvakare, kana kuti uchinge wabuda mune izvi, verenga Timotio weChipiri 4. Timotio Wechipiri 4.” Zvino ndakabva ndazobengenuka. Uye ndakamira ipapo ndichikwiza kumeso kwangu nemaoko angu. Uye pakare ipapo, mukona yekamuri, zuva richipenyera kumusoro, ipapo ndinofanira kunge ndaive ndiri pasi pechiratidzo kweimwe awa kana kupfuura, uye Rakati, “Timotio Wechipiri 4.” Zvino ndakakurumidza kutora Bhaibheri rangu, ndikaverenga Timotio Wechipiri 4.

¹⁴ Zvino, ndinoda kuiverenga zvino. Zvino sekushamisa kwazvinoratidzika, pandakaverenga Timotio Wechipiri 4 iyi, panzvimbo pandakamira, uye nguva zhinji dzandakaparidza pamusoro pazvo muno mutabhenakeri, zvinoita sezvinoshamisa kuti ndaingogara ndichimira ipapo pachu. Zvino muna Timotio

Wechipiri 4, ndima shanu dzokutanga. Izvo, *shanu* inhamba ye “nyasha.” Ndinoverenga izvi.

Ndinokuraira...pamberi paMwari, naIshe Jesu Kristu, uchatonga vapenyu nevakafa pakuonekwa kwake nehushwe;

Paridza shoko; iva wakagadzirira panguva yakafanira, uye napanguva isakafanira; tsiura, tuka, kurudzira nemoyo murefu wose uye nedzidziso.

Nokuti nguva ichasvika yavacharamba kugamuchira dzidziso yakarurama; asi vachaunganidza pakuchiva kwavo ivo...vachazviunganidzira vadzidzisi, vaine nzeve dzinoda kunzwa zvinovafadza;

Uye vachafuratidza nzeve dzavo pazvokwadi, uye vachitsaukira mungano.

Asi iwe tarira pazvinhu zvose, utsungirire pamatambudziko, uye bata basa remuvhangeri, uye uratidze pachena shumiro yako zvizere.

¹⁵ Makambozvicherechedza here, uye handina kumbozvicherechedza kusvikira Chivabvu uno apfuura, Handina kumboverenga zvimwezve zveGwaro iroro kusvikira ipapo? Ndizvo zvega zvandakangoverenga nezvaro nekuti zvaiita sekuti zva—zvakanga zvakakwana, nokuti raindiudza kuti ndiparidze Shoko uye kuti nditsungirire pamatambudziko, uye ndive nomwoyo murefu, nokuti nguva yakanga ichiuya yavaizoramba kugamuchira Dzidziso yakarurama, asi pakuchiva kwavo vanofanira kuunganidza vadzidzisi, vaine nzeve dzinoda kunzwa zvinovafadza, uye vaizotsautswa kubva paZvokwadi vachienda kungano. Asi, zvino, haAna kumboti ndaiva muvhangeri. Akati, “Ita basa remuvhangeri.” Pauro achiudza Timotio, munoono. Macherechedza here kuti rinotaura sei? Haana kuti, “Zvino, wakadanwa kuti uve muvhangeri.” Rakati, “Ita basa remuvhangeri.” Maona? Zvino, tinocherechedza ipapo zvino. Zvino, kana ndingataura nemoyo wangu wose neruzivo rwangu rwakanakisa, izvozvo zvakazadzikiswa nemo-nemo. Chaizvoizvo. Uye aya makore makumi matatu apfuura.

¹⁶ Uye sekuziva kwangu, kuti chiratidzo chese chaAkambondipa chakazadzikiswa, kunze kweicho chekuti ndiri kuzoshanduka mushumiro yangu, uko kwandinofanira kuzonamatira vanhu munzvimbo diki yakaita sekakamuri kadiki pasi petende, kana odhitoriyamu hombe kana zvimwewo. Yakanga yakaita, setende, kwandiri. Munozvirangarira here izvozvo, makore maviri kana matatu akapfuura? Zvizhinji zvacho zvose zvakasvika pakuitika. Ndaifanira kudzika kuMexico, uye kuti kwaizonaya sei husiku ihwohwo uye nezvaizoitika zasi ikoko. Uye Akandiudza shumiro yangu

yeKudhonza Kwekutanga. Munorangarira here nezvekubata kahove kadiki-diki, kana kuti kukapotsa? Kwechipiri yaiva hove duku. Asi zvararo Akandiudza, “PaKudhonza Kwechitatu, usakundike. Maona? Uye usaudze vanhu.” Ndinogara ndichiedza kutsanangura zvandiri kuedza kuita. Akandizivisa kuti usaudze vanhu zvauri kuita. Ndongoita zvaAnondiudza kuti ndiite ndozvisiya zvakadaro. Maona?

¹⁷ Asi ndiri mhando iya yemunhu, wekuti handina zvakavanzika, saka ndinongotaura zvese zvandinoziva. Saka, ingori iyo—iyo mhando yacho, ndinodaira kudaro. Asi izvozvo, ndinoedza. . . Ndinoda vanhu, uye ndinoda kuti vanhu vaponeswe zvakananyanya kusvikira ndinoedza kuvaudza zvese zvandinoziva, kunze kwekunge chiri chimwe chinhu chaAndiudza kuti ndisataure, ndizvo, kuitira kuti vasazvipotse. Maona? Ndinoda kuti vazvione zvakajeka chaizvo zvekuti hapazove nekukanganisa pazviri.

¹⁸ Zvino, izvozvo zvakazoitika chaizvoizvo. Zvino rangarirai, rairo yaive, kana tikambozvinzvera kwechinguvana, “Ndinokurayira pamberi paMwari, naIshe Jesu Kristu, Achatonga vapenyu nevakafa pakuonekwa kwaKe muHumambo hwaKe.” Maona? “Tonga. . .Kukuraira pamberi paMwari, naKristu, kuti iwe—kuti iwe uparidze Shoko.” Uye zvechokwadi chaizvo, kusvika husiku huno, nekuziva kwese kwandinozviita, handisati ndamboparidza chimwe chinhu kunze kweShoko, munoona, uye ndokugara naRo chaizvo. Anga ari matambudziko mazhinji, uye ndakapfuura nemukutambudzwa kwakawanda nemumiyedzo mizhinji, ndikatozoparadzana neshamwari dzakawanda dzinokosha nekuda kwechirevo ichocho chaicho, “Paridza Shoko.” Uye ini—ini ndaka. . .

¹⁹ Munorangarira here muchiratidzo, kana, shanduko duku sezvandingaidana, nguva pfupi yapfuura, uko kwandakaendeswa ndikaona vanhu vaya ndokuzvitarisa pachangu shure kwandaiva uye nemamiriyoni ose iwayo ikoko. Ini ndikati, “Ndinoda kuona Jesu.”

Zvino Akati, “Ari neche pamusoro.”

²⁰ Saka, munoona, vanhu pavanofa, ivo—ivo havaendi pakarepo kumusoro kuna Mwari. Zvino, imi, ndine chokwadi chekuti muchazvinzwisisa izvozvo. Pamwe ndinofanira kuzvitsanangura nepandinogonesesa napo. Muri kumhanyira here zvino? Ngatitorei nguva yedu zvino uye—uye—uye toedza kuzvijekesa sezvandinogona.

²¹ Zvino, patinouya pano, tinorangarira kuti tinogara pano muzviyero zvitatu. Uye handizive kana ndikagona kuzvidoma kana kuti kwete. Chimwe chazvo ndicho chiedza, uye chimwe ndeizvo zvinobatika. Tommy, unorangarira kuti chechitatu chii? [Mumwe munhu anotaura chimwe chinhu—Mupepeti] Huh? [“Atomu.”] Atomu? [Mumwe munhu anoti, “Nguva.”]

Nguva. Ndizvozvo. Zvino, chiedza, zvinobatika, uye nenguva. Zvino pfungwa dzedu shanu dzinobata zviyero izvozvo. Kuona kwedu kunobata chiedza, manzwiwo edu anobata zvinobatika, nezvimwe zvakadaro.

²² Zvino, asi tine kubata kubudikidza nesainzi, chiero chechina, tingati. Nekuti kuri kuuya nemuno muchivakwa chino zvino munouya mifananidzo, manzwi eredhiyo, mifananidzo paternhizheni, izvo pfungwa dzedu hadzizvibati izvozvo, asi zvakadaro vane chu—chubhu kana kristari rinotora masaisai emuchadenga iwayo roaratidza. Saka, munoona, muchivakwa muno chaimo zvino mune zviito zvipenyu zvevanhu, zviru mumhepo, manzwi anorarama. Zviru pano. Tinozviziva. Ichokwadi chemazvirokwazvo. Uye chinhu choga chaunoita, va—vanozvibata pane... Handinzwisise hurongwa hwemafambiro e—ezvinhu izvozvo zvakagadzirwa nesainzi, asi tinoziva kuti zvinotiratidza kuti kune chiyero chechina.

²³ Zvino, chiyero chechishanu ndiko uko mutadzi, uyo asingatendi paanofa kwaanoenda. Chiyero chechishanu ndicho, chakaita sokunge, tingati, sechiyero chinotyisa. Zvino munhu uyu...

Uye kana Mukristu afa, anopinda muchiyero chechitanhatu.

Uye Mwari vari muchiyero chechinomwe.

²⁴ Zvino ipapo, munoona, Mukristu kana afa, anoenda pasi peartari yaMwari, muHupo hwaMwari chaimo, pasi peartari. Uye anenge akazorora.

²⁵ Kuzvitsanangura, kana munhu achirota hope dzemadzikirira, haana kukotsira zvachose, uyewo haana kumuka. Ari pakati pekukotsira nekumuka, uye ndizvo zvinomuita kuti ave nekudedera kunotyisa nekuridza mhere, nekuti haana kukotsira, haana kumuka. Uye kuzvitora izvozvo, zvinoratidza kunoenda munhu kana afa asina kutendeuka. Akararama nguva yake yakakwana, akafa panyika; uye haakwanisi kuenda muHupo hwaMwari, nokuti haana kukodzera kuendako asina Ropa. Zvino akabatwa. Uye haakwanisi kudzoka panyika, nokuti nguva yake yapera pano panyika, zvino akabatwa ari pakati, uye ari muhope dzemadzikirira. Maona? Haakwanise kuenda muHupo hwaMwari, kunozorora. Uye haakwanise kudzoka, achiyuwa panyika, nekuti nguva yake yakwana. Ari muhope dzemadzikirira, uye anogara imomo kusvikira zuva rokutongwa. Chinhu chinotyisa kuva machiri, munoona.

²⁶ Uye zvino muchiratidzo ichi, ndinotenda kuti ndakaenda kuchiyero chiya chechitanhatu, ndikatarisa shure zasi kuno uye ndaigona kuona kumashure. Munoona, kuona kwacho hakusi chaiko nemaziso, ndezvepanyika. Asi kuona chinhu chikuru pane... Kuona kwavainako ikoko, kubata kwavo

kunopfuura nekure kubata kupi uko kungabatwa nepfungwa dzedu dzepanyama.

²⁷ Pano imwe nguva yakapfuura ndaizvitsanangura. Ndakanga ndakatarisa mufananidzo wepaterevhizheni kwavakadzikisa munhu, ndinofunga mamaira maviri kana maira pasi munyanza, zvino vaive nezviedza zvinojeka nesimba zvaiendako. Vairatidza hupenyu hwemumvura. Zvino kwakauya hove ipapo, zvisikwa zviya zvinotaridzika zvinotyisa. Zvokuti, pakati pehusiku chaipo, kwakasviba kuti ndoo zasi ikoko. Zvino dzakanga dziine phosphorus pamhino yadzo uye dzakanga dzisina maziso. Zvino, dzinofanira kuva nechokudya, saka zvaiita sokunge, kuti dziwane chokudya chadzo, dzaitungamirirwa neimwe pfungwa; hapana zvokuona, nokuti dzakanga dzisina maziso, dzaisakwanisa kuashandisa zasi ikoko. Asi dzaitungamirirwa neimwe pfungwa yekuti dzaigona kubata chikafu chadzo. Zvino ndakafunga, “Dai ndaigona kutungamira hove diki iyoyo nemeso angu, ndaizomupa chikafu chake chakawanda zvakadini uye nekumutungamira kunzvimbo dzakasiyanasiyana, kuona kwangu kwakakura kwazvo zvakadini pane radha yake yaanobata nayo.” Maona? Uye ndakafunga, “Dai ndaingogona kumutungamirira!”

²⁸ Zvakabva zvauya kwandiri, “Dai ndaigona bedzi kuzvipira kuna Mwari, zvikuru nekupfuurira zvakadini kuona pamwe nepfungwa dzaMwari, Vanogona kutitungamirira zvakanyanya kupfuura zvinhu zvatinoona, nokuti kutenda kwaVanotipa ndiwo humbowo hwezvinhu zvisingaonekwi nemeso edu.” Zvino kana hove diki iya yaisambokwanisa kusvika kumusoro kwemvura sedzimwe hove, nekuti yakavhutidzwa simba. Ukaikwidza kumusoro, yaizoputika. Zvakafanana nesu kunge taenda kumusoro-soro uye hazvibviri kuti tisaputike. Takavhutidzwa simba rinoenderana nenzvi—nzvimbo yatinogara.

²⁹ Asi zvino kana hove diki iya ikambokwanisa kuuya kumusoro kuno yova inini, ingazombode here kuva kahove kaya kadiki zvakare zasi murima riya repakati pehusiku? Hayaizodazve kuva hove zvachose, nokuti iyo yave chimwe chinhu chikuru kupfuura hove, yave munhu; pfungwa dzayo dzakura zvakadarika, kunzwisisa kwayo kukuru zvakadarika, huchenjeri hwayo ndehwepamusoro-soro. Zvino izvozvo ukazvipeta mamiriyoni gumi, ipapo unonzwisisa zvazviri kana wapfuura kubva pane huno uchipinda muHupo hwaMwari mhiri uko, uko munhu ari kumberi zvakanyanya kupfuura zvatiri pano. Hauzomboda kuva munhu seizvi zvakare, zasi muimba ino yematambudziko ehurwere nekuora. Zvanga zviri izvo mumoyo mangu, kuti ndakaedza makore makumi matatu aya kuparidza Evhangeri pasi rose, kuudza vanhu kuti kune Denga re—rekuwana uye kune gehena rekunzvenga, uye kuna Mwari vanokudai, uye nesimba ri—rinodzikinura rakagara

rakagadzirira kukusimudza chero nguva yaunenge wagadzirira kurigamuchira.

³⁰ Semunhu ari kunyura, tambo yakaremba ipapo, anofunga, “Saka, tambo, ndaigona kuzvidhonzera kunze, asi handina kukodzera kutora tambo yacho.” Tambo yakaiswa ipapo nechinangwa ichocho chaicho, chekuti iwe uzvidhonzere kunze nayo. Ndicho chikonzero Jesu Kristu akafa, nechinangwa ichocho chekuponesa vatadzi. Uye Akaremba tambo yeHupenyu Husingaperi, iyo husiku huno ichapfuura nepamusoro pemusoro wemutadzi wose ari muno, uye chikwangwani chekuchingamidza chakaremba pairi, “Huya kumusoro ubude mazviri.” Kana—kana iwe—kana iwe uchida kuzviita, gadziriro yakaitwa.

³¹ Zvino, pandakaona nzvimbo iyoyo nechinhano ichocho icho vanhu ivavo vakanga vari machiri, uye kuti zvaipfuura zvakadini chero chinhu icho nyika ino yaigona kufunga nezvacho, zvakanga zvakanakisa kwazvo. Kwaisagona kuva nechivi ikoko, hakuna rufu kana chinhu chaigona kupinda munzvimbo iyoyo. Uye pakanga pasina musiyano pakati pevarume nevakadzi, kunze bedzi zvi—zvizenga zvepabonde zvakange zvabva pavari, uye hakungazombovi nehupombwe zvakare, hakuchisina kana. Asi akanga achiri mudzimai nenzira yechimiro, uye murume akanga achiri pachimiro, uye vacharamba vakadaro nokusingaperi. Nokuti apo Mwari . . .

³² Zvino izvi zvingava zvakanaka, vamwe venyu imi vana vekusekondari vari kudzidziswa zvinhu izvi mamuri pano nezvekushanduka kwechimiro. Zvino, ndinotenda mukushanduka kwechimiro, asi kwete nenzira yekuti munhu akauya achishanduka kubva—kubva kune imwe mhuka yakaderera. Dzidziso yavo pachavo inovadzokera pavanoedza kuita masanganiswa echeru chinhu, hachizovibereki zvakare. Saka, munooona, zva—zvavadzokera.

³³ Zvino, ndinotenda kuti Mwari pavakatanga kuvhumbamira nyika, pamwe chinhu chekutanga chaVakaburitsa yaiva jellyfish, uye kubva ipapo ndokuenda kudatya, zvino ndokuenda zvizichikwira. Asi, munooona, ndokuramba zvizichiswera pedyo nepedyo kumufananidzo wemunhu, uye munhu aive mufananidzo waMwari. Uye ndicho chikonzero huswa hwakashanduka, pamwe huswa, zvino kubva kuhuswa ndokuuya maruva, kubva pamaruva ndokuuya makwenzi, kubva pamakwenzi ndokuuya muti. Sei? Mufananidzo weMuti weHupenyu wakamira kune rimwe divi. Uye zvinhu zvese kudivi rino zvinova zvepanyama mumvuri wezvepaMweya kana kuti zvoKusingaperi kune rimwe divi. Nokudaro, chero bedzi paine Mukristu akazvarwa patsva panyika, uye tine mutumbi pano wakadai, ndiko kuratidzwa chaiko kweuyo wakamirira kune rimwe divi uko kusina rufu nekusuwa.

Uye ndizvo zvinoita kuti mwoyo yedu ive nenzara yeuyo wakadaro. Munoono, pane chimwe chinhu chiri matiri chinoshvedzera. Tinongo... Pane chimwe chinhu chinotiudza kuti uriko. Ndinotenda kubudikidza nemumakore ose aya... Ndinokumbira ruregerero pamberi paMwari nevanhu, nekuva ndakapusa nekunge... ndichikanganisa zvakanwanda. Asi kubudikidza nemumakore ose mazhinji aya ndakava nerombo rokuona mamiriyoni akawanda evanhu vachiyaya muHumambo hwaMwari, uye ndakava nekutenda kuna Ishe kunditendera kuti ndivatungamirire ikoko. Uye ndinotenda kuti vachange vari ikoko nezuya iroro.

³⁴ Zvino, chiratidzo chakazadzikiswa. Uye kuti ndakambosvika sei pakumira, ndisingazivi, pandima 5 iyoyo. Ndzivo zvega zvakadanzwira. Asi kune dzimwezve kuchitsauko ichocho, dzimwe ndima dzakati kuti. Zvino, unogona, mukamuri yako yemuhotera kana kumba manheru ano, kana tangoparadzana, kuverenga dzimwe dzacho dzasara, nokuti ndine Magwaro akati kuti akanyorwa pano andinoda kutaura nezvawo, uye nezvinyorwa zvandinoda kuzotaura nezvazo. Uye ndinoda kuti muzviverenge kana maenda kumba. Ndzichazviture, zvichange zviri patepi. Muchida henyu kunyora zvimwe zvacho pasi, handiti, zvichange zvakanaka.

³⁵ Zvino, munotenda here kuti varume nevakadzi, izvo zvakadanzwira kuti munoita, vanotungamirirwa neMweya waMwari kuita zvinhu? Maona? Uye Jesu akanga ari muenzaniso wedu. Kana mukazvicherechedza, ndinoda kuvhura, movhura neni, kuna Mutsvene Ruka, chitsauko 4, kwechinguvana. Uye ndinoda kukuratidzai chimwe chinhu chinokatyamadza. Uye kuti tisasvike kune zvakanwanda zvezvirevo izvi, asi kuti muchakwanisa kuverenga pamwe neni pano, kuitira pane izvi, kwenguva shoma chete. Mutsvene Ruka, chitsauko 4 ndima 14, tinotanga. Zvino nyatsotarisisai pano kana muchida kuona chimwe chinhu chichiitika, izvi zvichienderana. Zvino cherechedzai.

Zvino Jesu wakadzokera nesimba reMweya kuGarirea:...Iye wakadzokera nesimba roMweya kuGarirea: zvino mukurumbira wake ukabudikira nemumatunhu ose akapoteredza.

Zvino waidzidzisa mumasinagoge avo, achikudzwa nevose.

Zvino akasvika paNazareta, paakange arererwa: uye, sezvaiva tsika yake, akapinda musinagoge nomusi wesabata, akasimuka kuti arave.

Zvino kwakapihwa kwaari bhuku yomuporofita Isaya. Zvino wakati avhura bhuku, akawana panzvimbo pakange pakanyorwa, paive pakanyorwa kuti,

Mweya waShe uri pamusoro pangu, nekuti wakandizodza kuti ndiparidzire evhangeri kuvarombo; uye wakandituma kuti ndiporese vane moyo yakaputsika, nokuparidza rusununguko kune vakatapwa, uye nokudzoredza meso kumapofu, uye nokusunungura, avo vakakuvadzwa.

Uye nokuparidza gore rerusununguko *raShe* wedu.

Zvino akavhara *bhuku*, . . .

³⁶ Zvino, kana muchida, kana muchida pazvinorehwa pacho, ndinapo pano, mirai zvishoma, kana pamwe ndikazvinhonga kubva pazvinyorwa zvekumucheto pano. Kana mukacherechedza, ndizvo zvakare, munozviwana muna Marko nedzimwe nzvimbo dzakasiyana-siyana, asi muna Isaya 61:1 na 2. Zvino, hazvishamise here kuti Akamira ipapo chaipo, uye ndima inotevera yacho. . . Izvozvo zvairevera kuuya kwaKe kwekutanga. Zvino kechipiri, ndima inotevera, iri kurevera paKuuya kwaKe kweChipiri, pakutongwa. Akamira ndokuvhara bhuku. Kana chero ani wenyu ari kuverenga Bhaibheri reScofield, munowana chinyorwa chemuzasi pamusoro pazvo ipapo. Maona? Tarisa chinyorwa chako chemuzasi, chiratidzo kune chinyorwa chemuzasi, unoono, uye unozocherechedza ipapo. “Kuenzanisa nesho—shoko rakataurwa, muna Isaya 61:1 ne 2, rinopa ipo pacho pe. . .” Apo, Gwaro pano, achiparidza, Jesu aifanira kuparidza gore rerusununguko *raShe*; uye ndima inotevera inobuda ine Kuuya kwaKe pamwe nekutongwa. Maona? Uye munoono kuti Akamira ipapo chaipo sei.

³⁷ Uye handina sei kumbozvicherechedza, uye kuti ndaigara ndichimira sei pandima yechi 5 iyi, “Nokuti nguva ichasvika yavacharamba kugamuchira Dzidziso yakarurama, asi vachazviunganidzira pachavo nevadzidzisi, vaine nzeve dzinoda kunzwa zvinovafadza, uye vachatsautswa kubva paZvokwadi kuenda kungano. Asi ita basa romuvhangeri, uratidze pachena shumiro yako zvizere.” Maona? Uye nerubatsiro rwaMwari pamwe nenyasha ndakaedza kuita izvozvo. Uye ndinoda shamwari dzangu, zvese pano nokune mudzinyika uko kuchaenda matepi, chikonzero chandakasarudzira kumira kwandakaita paShoko, ndeichi chikonzero chacho chaicho: “Paridza Shoko.” Ndicho chikonzero ndisingawirirane nechero zvitendwa zvipi hazvo, chero remasangano haro, nokuti ndakatumwa naMwari kuti ndigare neShoko. Zvino kana mumwe munhu achida kuita chero chinhu, zviri kwavari.

³⁸ Uye kana mukacherechedza, muchiratidzo chandakawana che- . . . shumiro yangu, chaive chekuti handisati ndambochinjanisa miti iyoyo. Handina kumbobvira ndatendeutsa. Handina kumbobvira ndakataura kuti, “Imi matrinitarian mose ivai maoneness” kana kuti “imi mose

maoneness ivai matrinitarian.” ndakasima mumidziyo yavo ivo. Ndizvo chaizvo. Ndakaenda kumutrinitarian, ndakaenda kumuoneness, ndikaenda kumunhu wose, uye ndikagara pakati uye handina kumbojoinha chero ani wavo; asi ndakagara pakati, ndiri hama, chaizvo-chaizvo zvakataurwa nechiratidzo kuti ndiite. Uye ndakadya michero kubva kumativi ose maviri, ruponeso kumativi ose maviri.

³⁹ Uye zvino, macherechedza here, pane vanhu matrinitarian akawanda akagara pano, pane maoneness akawanda, uye pane vakawanda vakasiyana-siyana. Asi unenge uri mudiki sei kuita nharo pamusoro pazvo, nekuti kana chikamu ichocho chechiratidzo chaive chechokwadi, chimwe chikamu chacho ndechekokwadiwo, zvakare. Michero yese iri miviri yakawanikwa mumuchinjikwa. Maona? Yose iri miviri yakanga iri mumuchinjikwa, yose yakaita chitsumbu pamwe chete, uye zvose mapuramu nemapiye, kana pichisi, mapuramu nemaapurosi zvakanyaya pandiri ipapo. Ose maviri zvawo. Vose Vakawanikwa pamuchinjikwa, nokuti vose vakatenda muna Mwari uye vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye vaine mabasa eChikristu nezviratidzo zvichitevera.

⁴⁰ Zvino, sangano harizovi nechokuita nazvo. Vachange vari avo vakazvarwa patsva vachava nechekuita nazvo. Chichange chiri chiitiko chako naMwari chichave nechekuita nazvo. Zvino, tinoona zvakawanda zvakadaro. Ndine Magwaro akati wandei pano andinoda kutaura nezvawo. Pamwe ndichadaro pave paya zvishoma.

⁴¹ Asi zvino ndinoda kukutorai kubva pandima 5, kuenda zvichidzika kusvika pandima 18. Uye zvino kuchengetedza nguva, ini—ini handisi kuzozviverenga. Asi zvino Pauro, achitangira neche pano muna Timotio zvakare, kana mukacherechedza kuti akatanga kutaura sei, zvinonzwisa tsitsi. Zvino kana mukacherechedza mushure mendima 5.

Nokuti ini ndagadzirira zvino kubairwa, uye nguva yangu yo . . . kuenda yaswedera.

Ave kugadzirira kubva panzvimbo. Anotanga, munoona, “Ndine . . .” Saka, tarisai. “Zvangu . . .”

. . . ndagadzirira, uye kuenda *kwangu* kwaswedera.

Ndarwa kurwa kwakanaka, ndapedza rwendo rwangu, ndakachengeta kutenda:

Kubva zvino ndakachengeterwa korona yokururama, yandichapiwa naShe, mutongi wakarurama, nezwa irero: uye kwete ini ndoga bedzi, asi . . . navose vanoda kuonekwa kwake.

⁴² Uye zvakare anoenderera mberi achiti, “Ita zvose, ita zvinhu izvi.” Chii? Kuti auye nejasi. Zvino tinobva tatangira ipapo, uye anoti:

...*Dhemasi wakandisiya*,...

⁴³ Panofanira kuuya nguva mushumiro yake paakanga ari muvhangeri wechidiki, muporofita wechidiki, munhu wese aimufarira. Asi zvino munocherechedza tichidzika zasi muno umu, akati:

...vanhu vose vakandisiya:...(Nokuda kwei? Shoko.)

⁴⁴ Apo Jesu, Muporofita wechidiki weGarirea, Akawana nguva yaAkasiwa. Vanhu vose vanogara neShoko raMwari vanosvika panzvimbo iyoyo yavanosiiwa nenyika uye nenyika yevezvinamato. Jesu akapa zvokudya kune zviuru zvishanu, rimwe zuva, zvino vakanhonga mabhasikiti azere ne—nezvimeu zvakabva pazvingwa zvishanu nehove mbiri. Zvino zuva rakatevera chairo, ndinotenda kuti raive iro, Akatanga kudzika neShoko, uye vose vakatanga kubva kwaAri. Zvino akaringa-ringa kuvadzidzi, ndokuti, “Muchaendawo here, zvakare?” Kunyange makumi manomwe evashumiri vaKe pachaKe vakagadzwa vakaMusiya. Uye Akati, “Muchaendawo here, zvakare?”

⁴⁵ Zvino Petro akabva ataura mashoko aya akatsarukana, nekutaura kuti, “Ishe, ko tingaenda kupi? Ndimi chete mune Hupenyu Husingaperi.”

⁴⁶ Cherechedzai. Asi nguva inouya apo nguva yekusiiwa inosvika, uye i—inofanira kuuya. Inofanira kuuya. Uye zvino ndine vaporofita vakati kuti nezvinhu muno zvekunongedzera kwazviri, kukuratidzai kuti nguva iyoyo inosvika. Uye yasvika kwandiri. Hapana chikonzero chekuyedza kubva pairi, yave pano uye unotongofanira kuitora. Havana kubva pairi, vakamira uye vakaitora, uye vasinganyare neEvhangeri.

⁴⁷ Munocherechedza Pauro, “Ndarwa kurwa kwakanaka. Ndapedza rwendo rwangu. Ndakachengeta Kutenda.” Oo, ini zvangu! Zvichienda zvichidzika apa zvakati, “Ndakarwa nezvikara. Uye nda—ndakadzikinurwa kubva mumuromo weshumba.” Uye zvinhu zvaakaenda, Mwari vakanga vakanaka kwaari. Asi nguva yakanga yasvika apo aizoenda.

⁴⁸ Zvino, ngatimbofungi, kuti sei murume, mushumiri, mufambidzani sezvaive zvakaita Dhemasi kuna Pauro, aigosiirei Pauro?

⁴⁹ Munoziva Hama Baxter, vazhinji venyu munovarangerira. Vaisiverenga...Zvaiva pamusoro paDhemasi. Vakati, “Munoziva zvandichaita, Hama Branham, kana ndasvika Kudenga, chinhu chekutanga chandichaita?”

Ini ndikati, “Chii?”

⁵⁰ Vakati, “Ndichafamba ndichiendako ndotsvaga pana Dhemasi, ndichamurova nesimba rangu rose chairo.” Ndokuti, “Anobva acheuka oti, ‘Baxter, unozviitirei izvozvo?’” Vakati,

“Wakasiirei Pauro mudiki anonzwisa urombo apo munhu wese akanga amusiya?” Handitsigirane nazvo, handitendi kuti vachazorwa kumusoro ikoko, asi ndangofunga nezvaHama Baxter vachitaura izvozvo nokuti vakanzwira Pauro tsitsi.

⁵¹ Saka, Pauro akanga aitei? Akanga aparidza nekungotendeka kwaigona nako, uye Mweya Mutsvene wakanga uri paari. Zvino paakanyorera zasi kuya nezvevashumiri vechidzimai ivavo nezvimwe, ndinofungidzira kuti pakava nekuputika kukuru nehasha. Akati, “Vakadzi ngavanyarare mumakereke, varege kuvatendera vachitaura,” uye iye ari mujeri ipapo.

⁵² Mungafungidzira here kuti mamwe mabhishopi akati chii? “Huh! Muchinda uya ari mujeri kumusoro uko, ane basa rei raanaro rekunyorera zasi kuno kwatiri? Maona? Uye ana Timotio, chidhakwa chewaini, pamwe naye. Zvino heunoi ari kumusoro uko zvino, uko kwaari kupa Timotio waini, zvino heunoi akarara mutirongo, uye achinyora pasi, achitiudza zvatinofanira kuudzwa noMweya Mutsvene kuti tiite.”

⁵³ Asi akati, “Kana . . . Chii? Shoko raMwari rakabva mamuri here, uye Rakabva mamuri moga here? Kana chero munhu achifunga kuti ndewemweya kana muprofiti, ngaabvume kuti zvandinonyora Mirairo yaShe.” Maona?

⁵⁴ Munooni, nguva inosvika, shamwari. Uye ndinoda kuti vanhu vari munyika kunoenda matepi, varangarire kuti nguva yokupatsanurana inofanira kusvika. Inofanira kuzviita. Handizivi kuti ndiri kure zvakadini nenguva yekupedzisira, magumo angu enzira yangu. Handizive. Zviri kuna Mwari. Handizivi zviri ramangwana, uye ndiyani. . . Handizivi kuti rakabatei, asi ndinoziva Uyo akaribata. Saka ndipo pakavakirwa kutenda kwangu, pazviri.

⁵⁵ Zvino, ndinofungidzira Dhemesi haana kumusiya uye onotanga kuenda kumabhawa ehusiku. Handifungi kuti Dhemesi akazviita izvozvo, nokuti Dhemesi akanga ari murume akazadzwa noMweya. Akanga ari mubatsiri mukuru. Kana wakambatora nhoroondo yaDhemesi, aive muparidzi ane mukurumbira, murume akanaka ane tsika, akakwenenzverwa zvakananyanya, akadzidza. Aive murume ane huchenjeri. Asi sei akazosiya Pauro? Ndicho chinhu chacho. Chii chakamuita kuti azviite, kusiya Pauro? Handitendi kuti aida kuenda kubhawa rehusiku kana chimwe chinhu. Asi ndinotenda kuti vaive Mwari vaipatsanura Pauro. Zvino ndinofungidzira Dhemesi . . .

⁵⁶ Ngatitorei dzimwe dzepfungwa dzaDhemesi. Pandakanga ndakagara pasi padivi rechikomo, ndichifunga hangu rimwe zuva, kwave kuda kuyedza, uye ndaifunga, “Ko sei Dhemesi aida kusiya muchinda iyeye? Sei akazosiya muparidzi uya mudiki anonzwisa urombo akamutungamirira kunaShe, murume akatungamirira rumutsiro pakati peMarudzi, muprofiti wemazvirokwazvo?” Hapana aikwanisa kutaura chimwe chinhu

kunze kwekuti aiva muporofita. Aipfuura kuva muporofita, aive muapostora, uye muapostora mukuru ane masimba kuMarudzi. Zvino Dhemasi aifambidzana naPauro, vaiva nekuyanana, uye akaona Mweya waMwari uchifamba pamusoro pemurume iyeye. Uye sei akazofuratira munhu akadaro, akanga asimbiswa kuti akanga ari muranda waKristu? Macherechedza Pauro here pano, “Achida nyika ino yanhasi.” Zvino, handifungi kuti Dhemasi akadzokera shure. Handifungi kuti akaita izvozvo. Asi ndinofunga kuti iye—iye akava nemaonero asiri iwo aPauro.

⁵⁷ Zvino, Dhemasi akabva mumhuri yakapfuma uye akanga akapfuma, uye mari dzimwe nguva inoreva chinamato kuvanhu. Sezvavanotaura muCalifornia, “Kana usina maCadillac matatu, hausi wemweya.” Saka zvinoreva kuti, kana usina kubudirira, kana usina chechi yakanakisa irimo muguta, vanhu havaendi. Zvakada kudaro pano, Poogh. Iwe, unofanira kuva nechechi yakanakisisa munyika, kana kuti vanoti, “Iwe, oo, unoreva kuti wakabatana neboka duku rakadaro?”

⁵⁸ Munoziva here kuti Ishe wedu akanga asina pokuisa musoro waKe? Munoziva here kuti Aiva nebhachi rimwe chete? Maona? Uye Akava . . . Aingove mhando yemunhu anongosundirwa kuno neuko. Uye Akanga asina nzvimbo yokuisa musoro waKe. Asi vaigona kunge vakafunga chinhu chimwe chete, uye vakaita, pamusoro paKe.

⁵⁹ Uye, zvino, ndinotenda kuti Dhemasi akaona kwaiita sekunge, kukundikana, mushumiro yaPauro. Ndinofunga kuti aifunga kuti mutana uyu akanga apera basa, pamberi paMwari. Zvino, akafunga kuti vanhu vaizotumbura maziso avo kuti vape Pauro . . .

⁶⁰ Zvino, Pauro akazvitauro, akati, “Mungadai, chaizvoizvo, makatumbura maziso enyu kuti, muape kwandiri.” Nokuti, Pauro, tinofunga, aiva nemaziso ainetsa, nokuti akati, “Ndanyora nemavara makuru akadaro.” Akati, “vara rakakura,” asi ndine du—duramazwi, uye rinoti, “nemavara makuru.” Akanga ari muRoma, mutorongu imomo. Chaive chinhu chisina kubira zvakanaka, akati maziso ake akange achimunetsa kubva pachiratidzo cheKudenga. Saka iye . . . Vanhu vangadai vakatumbura meso avo, vachiona Pauro achitambura, maziso ake achimunetsa, naiye achitambura. Zvino akakumbira Ishe kuti vamupodze, katatu. Uye akati, “Zvichida ndaizozvisimudzira pamusoro pehuwandu hweChizaruro, kwakatumirwa kwandiri mutumwa wadhiyabhore kuti anditambudze.” Zvino, zvaitomboita zviru nani kwazvo, zvobva zvazomurova zvakare. Obva aita zvakanaka, uye zvomurova zvakare.

⁶¹ Munoono, Pauro aiva neshumiro huru kupfuura vamwe vaapostora vose vakabatanidzwa pamwe chete. Vamwe vavo vaigona kunge vakati, “Saka, ndakafamba naJesu.” Handiti,

Maona? Asi vanhu vanofunga nekuti une shumiro huru unofanira kuva nezvese *izvi* nezvese *izvi*, nezvinhu zvikuru zvose izvi, nezvikoro zvikuru nezvakati-zvikati zvikuru. Mwari havashande muzvinhu izvozvo. Kana kuti, chaizvoizvo, anga ari maonero angu. Mwari vanoshanda nedungamunhu. Havana kumbotigadza kuti tiite zvinhu zvakadaro.

⁶⁷ Asi Pauro, ane jasi rimwe, zvino anoudza Timotio pano kuti auye naro kwaari nokuti kwakanga kwave kuchitanga kutonhora kumusoro ikoko. Uh-huh. Murume aive neshumiro akaparidzira kumakumi ezviuru zvakaitwa naPauro, uye neshumiro yaigona kuita mhando dzose dzezvishamiso, uye akaona Jesu ari muShongwe yeMoto, ndokumutuma, asi zvakadaro akanga aine jasi rimwe chete. Dhemesi akati, “Muchinda akadaro,” aizobva paari.

⁶⁸ Zvino, paakanga ari kumusoro kuno achiparidza akananga kuTroasi, tinoona kuti kwakanga kune murume kumusoro ikoko akanga ari mupfuri wemhangura. Uye akanga ari ndururani. Uye aivenga Chikristu. Uye akaita zvose kuna Pauro zvaikwanisa kuita kwaari, akamuita kuti akandwe mutirongo, uye zvese- . . . kunyange Pauro anoyambira Timotio nezvechinhu chimwe chete, “Ngwarira muchinda uyo.” Uye heunoi Dhemesi! O Mwari, itai kuti vanhu vazvinzwe! Heunoi Dhemesi amire nemunhu akarova mumwe murume nehupofu, nekuda kwekukakavara naye. Zvino, imi vaparidzi veChurch of Christ, pfekai majasi enyu zvino. Ndine mumwe akambondiudza imwe nguva, akati, “Ndirove nehupofu! Ndirove nehupofu! Une Mweya Mutsvene, ndirove nehupofu.”

Ndikati, “Utori bofu nakare.” Maona?

⁶⁹ Zvino, sei Pauro asina kurova mupfuri wemhangura nehupofu? Mweya mumwe chete iwoyo uri pavanhu vanofunga kudaro, ndicho chinhu chimwe chete chaiva pana Dhemesi. Munhu aigona kurova munhu nehupofu, nekuda kwekukakavara naye, zvino otendeuka nekuregedza mupfuri wemhangura achikanganisa shumiro yake muguta. Pasina kupokana Dhemesi akati, “Iye, apera pendi, arasikirwa nezvipo zvake zvose. A—arasikirwa nezvipo zvake zvekurova nehupofu.”

⁷⁰ Hauone here kuti mweya iwoyo uchiri kurarama, unoti, “Mapera basa, hama”? Oo! Zvi—zvinongoenda nepamusoro pemisoro yevanhu. Ivo havangozvinzwisisi, ndizvo zvoga zviripo kwazviri. Maona? Havagone kutongozviona. Maona? Havanzwisisi.

⁷¹ Zvino Dhemesi . . . haana kupofomadza murume uya nekuti aida kudaro. Jesu haana here kuti, “Handiiti chinhu kusvikira Baba vaNdiratidza kutanga”? Handina here kukuudza makore apfuura, naamai vangu chaivo vakanga vavete, vachifa, uye vaiti, “Bill, mhedzisiro yangu chii?” Handina chandaigona kutaura kusvikira Mwari vataura kudaro kutanga. Uye ndizvo chaizvo

zvakaikika. Munhu haagone, munhu akatokundika pakutanga kwacho. Anongova mumiririri uyo Mwari vanoshanda kubudikidza nemaari, uye Mwari vanoshanda kuda kwaVo pachaVo. Asi kana ukaona vanhu ava vepamusoro-soro vanogara vaine *ichi neicho* uye *nechimwewo*, zviru nani ugare kure nazvo. Maona? Jesu pachaKe haana kuita izvozvo. Akati, “Ndinoshanda chete sekushanda kunoita Baba. VanoNdiratidza zvekuita zvino ndobva ndaenda kunozviita. Handikwanise kuita chimwe . . . chero chimwe chinhu hacho kunze kwaichocho.”

⁷² Zvino pano Dhemesi akaona Pauro, murume akanga aine shumiro yakadaro, asi zvakadaro ari murombo kwazvo zvokuti aingova nejasi rimwe chete, uye aida kuti Timotio ariunze kwaari. Jasi rimwe bedzi! Asi, Pauro akaratidza muenzaniso sezvaiva Kristu, Akanga ane jasi rimwe. Zvino sei hupfumi nemari yakawanda nezvinhu zvichireva zvakanyanya kwazvo kuvanhu nhasi? Cherechedzai zvino. Uye aive nesimba zvekuti, chero ani zvake akapesana nezvaaiparidza, akatendeuka ndokuti, “Uchava bofu kwechinguvana.” Zvino murume wacho akava bofu.

⁷³ Zvino heunoi pano mupfuri wemhangura, akamuitira zvakaipetwa kagumi kupfuura zvakaikwa nomurume iyeye, uye zvakadaro akashaya chakamuwana. Dhemesi anofanira kunge akafunga, “Saka, munoona, mutana uyu azopera basa zvino. Akarasikirwa neshumiro yake.” Kwete, kwete, akanga asina kurasikirwa neshumiro yake, kwete zvachose. Mwari havaiti zvinhu saizvozvo. Mwari havasi Zindakupa-zindakutorera. Hongu. Cherechedzai zvino.

⁷⁴ Pauro aive akaita semhando yaEria. Eria muprofitira akakwira mugomo nokuraira kwaMwari, uye akadana moto kuti uburuke kubva Kudenga, zvino ukawira pasi. Uye akadana mvura, ndokuuya. Uye zvakare akarayira neshoko raMwari ndokuuraya vapisita mazana mana, akadimbura misoro yavo, akavaita kuti vakunguruke vachidzika nechikomo; zvino ndokubva atiza nekuda kwekutuyisidzira kwemu—mudzimai, mudzimai mumwe chete mudiki munyengeri, kana kuti, aive uyo asingatendi. Jezebheri, mukadzi mudiki mumwe chete uya aive musimboti pane zvose izvozvo, ndiye akazvikonzera. Zvaita sekunge ndiye aifanira kunge akawana mudzimai kutanga. Asi Mwari vane nzira dzokuita nadzo zvinhu, uye varanda vaVo vanogona bedzi kushanda zvinoenderana kana akashanda maererano nokuda kwaMwari.

⁷⁵ Hamuoni here, shamwari, munofanira kufamba zviru maererano nenzira yemafambiro aMwari. Kangani kandakagara padare rehama, uye ndaingada sei kufamba ndichivakwazisa ruoko rwavo ndichiti, “Hama, hazvina kana mutsauko wazvinoita, ngatingovei hama pamwe chete.” Ndingazviita sei

izvozvo uye ndochengeta kutumwa kwangu, “Paridza Shoko”? Handidi kuita izvozvo.

⁷⁶ Ndakamira pakati pevashumiri, ndokuti, “Hama Branham, tete vangu vari kuno uku. Ndinoziva kuti muri muporofita akatumwa kubva kuna Mwari. Endai ikoko munomudzoreredza meso ake.” Ndinoshuva kuti dai ndaigona, ndaizozviita. Handikwanise kuzviita kusvikira Vandiudza kuti ndizviite. Maona? Hapana aigona kuzviita. Eria haaigona kuzviita, hapana mumwe aikwanisa kuzviita.

⁷⁷ Zvino tinoona kuti Pauro . . . Dhemasi achiparidza naPauro, akanga aona Pauro aona murume akaremara akarara ipapo, ndokuti, “ndinoona kuti une kutenda kwekupodzwa. Simuka netsoka dzako! Jesu Kristu anokuporesa.” Akanga amuona achiporesa vanorwara, uye zvakadaro ndokusiya shamwari yake Teofiro achirwara.

⁷⁸ “Pauro akarasikirwa neshumiro yake.” Ndizvo zvinofanira kunge zvakafungwa naDhemasi. “Sei asina, kana aive nechipo chekupodza, sei asina kuenda kumusoro ikoko kunoporesa shamwari iyoyo yakanga yamira naye zvakatendeka kwazvo? Akati, ‘Ndakamusiya kumusoro uko achirwara. Uye handina jasi, zvino ndinoda kuti undiunzirewo jasi iroro. Uye ngwarira, mupfuri wemhangura uya, akavhiringidza musangano uya muguta. Ndakatozobuda muguta. Akandiisa mujeri.’” Ndinofungidzira kuti Dhemasi akati, “Imhandoi yemuparidzi izvi zvazvazova?” Huh?

⁷⁹ Uye, hama, vane mweya yaDhemasi yakawanda iri munyika nhasi. Havazivi kuti zviri kumborevei. Maona? Hapana chikonzero chekuedza kuzvitsanangura kwavari, nokuti havazozvinzwisisi zvisinei. Maona? Maona? Muranda waKristu anotevera matsimba eTsoka.

⁸⁰ Mumwe wemadhikoni edu pano, handizivi kuti ari pano manheru ano here kana kuti kwete, ndiTony Zabel. Kazhinji anenge ari pano. Zvino akauya kwandiri uye akati pano kasiri kare asati ava . . . akauya kuno, akati—akati, “Nda—ndakarota hope, hope dzisinganzwisiki.” Akati, “Nda—ndakarota ndichiedza kutsvaga nzira yangu inokwira yakananga Kudenga.” Akati, “Ndakaona mumwe murume achiuya akapfeka nguwo nhema uye akange a—a—achiverenga bhuku.” Uye ndokuti, “Nda—ndakasvika kune murume uyu, zvino ndikamubvunza, ‘Ndeipi nzira yokuenda Kudenga?’ Iye ndokuti, ‘Bvunza murume ari mberi kwangu.’” Zvino aive mu—mufundisi wechechi yekwaakambenge achienda.

⁸¹ Akaenda mberi zvishoma ndokusangana nomumwe murume, akanga akapfeka nguwo nhema uye achiimba nziyo, achienda hake. Uye akanga ari mumwe mufundisi. Vafundisi vaviri ivavo ishawari dzangu dzepedyo. Zvino akati . . . Uye murume akanaka. Uye akati, “Ndeipi nzira yandinokwira nayo

pamusoro pegomo apa?” Akati, “Tarisa pano.’ Akati, ‘Unoona, akamira kumusoro-soro uko pamusoro, kamuchinda ako kadiki-diki?’ Ini ndikati, ‘Hongu.’” Akati, “Hapo paive pakamira mumwe muchinda akanga akapfeka hovhorosi, akapfeka ngowani duku yemufudzi wemombe.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁸² Mumwe munhu akati, zasi kuKentucky, akati, achitaura nezvangu zasi uko, akati, “Muchinda uyo anotaridzika sechero chinhu zvacho kunze kwekuva muparidzi.” Ndaigona kutaridzika semurimi kana chimwe chinhu, asi—asi, munoziva, haasi mataridzikiro.

⁸³ Ndokutaura kuti aive ini ndakamira kumusoro ikoko. Zvino iye—iye akakwira kumusoro kusvikira asvika pandiri, ndokuti ndakamubata neruoko ndokumutungamirira kumusoro kusvikira ndasvika pamusoro pechikomo. Zvino kwakanga kune renje rokupfuura nemariri. Ini ndikati, “Tony, ndinofanira kukusiya pano uye unofanira kufamba kumwe kweuku wega.”

Akati, “Hama Branham, chii chandingaita kubva pano zvichienda mberi?”

⁸⁴ Akati ndakati, “Huya pano, Tony, tarisa zasi uko. Unoona here ayo matsimba etsoka asina shangu ane Ropa maari?” Ndikati, “Ndiwo andakatevera nzira yose. Ingogara pane Iwayo.” Ndicho chinhu chega chandinoziva chokunongedzera munhu kwachiri; kwete kuchitendwa kana kutekenyedzwa kweimwe mhando, asi kune Matsimba etsoka iwayo ane ropa anotungamirira kuBhaibheri, Ropa raJesu Kristu.

⁸⁵ Zvino, kuti murume iyeye akanzwa sei, murume ane shamwari zhinji kwazvo vana muzvinamamiriyoni, asi nejasi rimwe chete. Murume aive... akanga aine simba rokurova munhu nehupofu, zvino orega kuti mumwe munhu amudzingire kunze kweguta. Hapana kana chaakaita nezvazvo, akasimuka ndokubuda. Ainamatira vanorwara asi akanga asiya shamwari yake ichirwara. Zvino Dhemasi akamusiya. Vamwe vose vakamusiya. Vose zvavo vakamusiya. Pauro akati, “Vanhu vese vakandisiya.” Mumwe nomumwe wavo vakamusiya.

⁸⁶ Ndinotaura izvi. Kana munhu akamira akatendeka kuShoko, kwete bedzi mumusangano mumwe chete, asi mumusangano woga-woga, kana munhu akamira akatendeka kuShoko, nguva ichasvika apo pavachamusiya. Ndizvozvo. Vakazviita. Vakazviita kuna Ishe vedu. Vachamusiya kana akamira paChokwadi. “Vanhu vose vakandisiya.” Uye zvino munofunga kuti Dhemasi nevamwe vevarume ava vakafungei apo isu tose tinoziva, avo vanoziva Magwaro, kuti Ruka akanga ari chiremba, uye Pauro, chero kupi kwaaienda, aitora chiremba uyu pamwe naye? Uye achiparidza kupodza kwaMwari, uye achisiya shamwari yake ichirwara. Ari murombo zvikuru, aive nejasi rimwe chete. Uye ndokurega mumwe munhu

achimudzingira kunze kweguta, apo iye achigona kurova munhu nehupofu. Munoono, vaifunga kuti akanga apera basa. Asi akanga asina! Akanga ari chaizvoizvo Mumatsimba etsoka dzine ropa. Akanga achiramba achitevera. Ndinovimba kuti muri kunzwisisa. Akati, “Vanhu vese vakandisiya.”

⁸⁷ Dhemasi, achida nyika ino yazvino, mukurumbira wevanhu. “Mhoroi, Chiremba Dhemasi. Ndinoziva kuti mune Ph. yenyu!”

⁸⁸ Oo, chokwadi, vanozvida izvozvo. Jesu akati, “Munoda sei kumira mumasinagoge, uye modanwa kuti ‘Rabhi,’ nezvimwe zvakadaro.” Akati, “Munongogamuchira kumwezve kutukwa.” Maona?

⁸⁹ Zvino, tinoziva pavakaona chiremba uyu achimutevera, kana kuti ainaye, zvino Pauro akatora Ruka, akati, akati—akati pano, “Ruka ndiye—Ruka ndiye ega aive asina kumusiya. Uye Ruka aka—akanaka kwaari. Asi, Ruka mubatsiri kwaari. Anoda Ruka pashumiro yake.” Uye chiremba uyu aitevera mumwe munhu kumese kwaaienda, uye achiparidza kupodza kwaMwari. Uye murume aiparidza kupodza kwaMwari aigona kupodza vakaremara nokumutsa vakafa, nezvimwe zvose, uye nekuona zviratidzo zvikuru, nekutaura zvinhu zvaitika, ndokusiya mushandidzani wake chaiye achirwara. Uye angadai aine madhora miriyoni uye akavaka zvivakwa zvemakumi ezviuru zvemadhora, uye nezvikoro zvikuru nezvinhu zvakadaro, uye akanga asina kana kunze kwejasi rimwe chete rokupfeka pamuviri wake.

⁹⁰ Dhemasi akati, “Handisi kuzofambidzana nemuchinda akadaro. Angori. . . Munhu wechiyero chakaderera. Ndichaenda kumusoro pamwe chete nehama dzemasangano. Ndichaenda kumusoro uko kwandichange ndiri mumwe munhu.” Kana dai chaive chinhu chakadaro, ndinoda kufamba, uye mushure mekunge Baxter achangopedza, munoono, nekusiya muchinda mudiki iyeye anonzvisa urombo ari muchimiro ichocho. Aifanira kunge akamira naye. Pauro ndiye akamutungamirira kuna Kristu. Asi, munoono, zviri pakusaziva Mweya, kuziva kuti kuda kwaMwari ndekupi, zvino wobva waita kuda kwaMwari. Maona? Zvino, asi ipapo akamusiya ari muchinhano ichocho. Akamusiya! Vanhu vose vakanga vamusiya.

⁹¹ Ndinofunga sei nezvazvo! Kutu muranda anomira akatendeka kuShoko, pane imwe nguva iri mberi, ingorangarirai, vanhu vari kuzomusiya. Zvino tinoda kurova izvozvo kwemaminitsi mashoma, uye handisi kuzokuchengetai kwenguva yakareba zvino, nokuti ndinokudai pano mangwanani. Nguva dzose kana muranda waMwari akamira akatendeka kuShoko, vose vanomusiya. Uye izvo. . . Zvino, ingotorai chero kwamunoda, chero nguva muBhaibheri kana munhoroondo, kuti kana munhu paakagara akatendeka, zvisinei kuti aifarirwa sei, paakaramba paakatendeka kuShoko, nguva

yakasvika apo nyika yezvinamato yakamusiya ikamudzinga. Zvino, ingozviverenga, kana ukatora Bhaibheri kubva kuna Genesi uchienda kunosvika kuBhuku raZvakazarurwa, uye watora mu*Pre-Nicene Council* wodzika ku*Nicene Fathers*, uye munhu wose, mutsvene wose, muporofita wose, wese muranda wechokwadi waMwari akagara neShoko, akarambwa nechinhu chevashumiri uye nekuodzwa moyo. Zvino Pauro aiva mumwe wavo.

⁹² Uye kana paine mumwe nhasi, chichange chiri chinhu chimwe chete. Ichokwadi chaicho. Unofanira kusvika panzvimbo iyoyo. Inofanira kuuya. Vanofunga kuti munhu ainge ane shumiro yakadaro, anofanira kuva nenyika pasi pehutungamiri hwake. Anofanira, asi havauye pasi pehutungamiri hwake. Maona? Uye munhu akadaro haaise shumiro, kana nyika pasi pehutungamiri hwake; anoiisa pasi pehutungamiri hwaTenzi vake, nokuti haasi pano achizvimirira, ari kumirira Tenzi vake.

⁹³ Munoziva, vanhu vanoedza kutsvaka rukudzo mumwe kubva kune mumwe, uye vanokudzana, uye vozvidza Mwari mukuzviita. Maona? Tinoedza kuita vanhu vakuru pakati pedu, uye apo tisisiri vanhu vakuru uye nevanhu vadiki, tese tiri vanhu vadiki. Pane Mumwe chete mukuru pakati pedu, uye ndivo Ishe vedu. Maona? Uye tinoita kuti sangano redu rive rakakura kwazvo kupfuura Mwari, “chechi tsvene huru yeizvi, izvo, kana *zvimwewo*, mabhishopi makuru matsvene,” nezvimwe zvakadaro. Hakuna chinhu chakadaro. Ndiko kukudzwa nevanhu. Kune Mumwe chete mutsvene, uye ndiMwari. Uye Mweya Mutsvene, unova Mwari, uri pakati pedu. Hatisi isu tiri vatsvene, Mweya Mutsvene uri matiri. Hazvisi. . . Kana tichiona zvinhu zvichiitwa, hatisi isu tiri kuita, Mweya Mutsvene. Jesu akati, “Handisi iNi ndinoita mabasa, ndiBaba vaNgu. Vanogara maNdiri, uye ndiVo Avo vanoita mabasa.” Uye haasi iye ari—ari kuzviita. Zvakanaka. Asi tinovawana varanda vechokwadi zvichidzika nemunguva.

⁹⁴ Zvino hechino chinhu chandiri kuda kuita sekushanda pachiri kwenguva shoma. Zvino, kazhinji panguva yakaita seiyo apo vanhu vainge vagara vakatendeka kuShoko uye vanhu vose vamusiya kusvikira Mwari vanopindira mukudzvirira munhu iyeye uye vogadza korona pashumiro yake. Ndizvozvo. Kunyaradzwa kwakadini. Nyaradzo yedu inovakirwa muvimbiso yeShoko raMwari. Hazvinei kuti nyika inoti kudii, nyika inoitei, handidzo tariro dzedu, hadzina kuvakirwa mune zviri kuitwa nenyika.

⁹⁵ Ndinofunga kuti rwiyo rwuya rwakanaka kwazvo. Dai ndaigona kuimba. Ndagara nguva dzose ndichida kuimba. Maona? “Avo vanomirira pana Jehovha, vachavandudza simba ravo patsva, vachabhururuka namapapiro sechapungu,

vachamhanya vasinganeti, kana vakafamba havarukutiki; ndidzidzisei, Ishe, kumirira. Ndidzidzisei, Ishe, kumirira ndiri pamabvi angu.” Ndinozvifarira izvozvo. “Uye nenguva yeNyu pacheNyu yakanaka Muchapindura zvikumbiro zvangu; ndidzidzisei kusavimba nezvinoitwa nevamwe, asi kungomirira mumunamato mhinduro inobva kwaMuri.” Ndizvozvo. Ndiye muranda wechokwadi anomirira nguva yaTenzi vake, nekuziva izvi, kuti Magwaro haagone kukundikana zvisinei nezvinoitika. Magwaro anofanira kumira ari echokwadi. Munguva yakadai seiyooyo, ndipo apo Mwari vanowananzopindira kuti vavabatsire.

⁹⁶ Ngatitarisei Eria paakanga arambwa. Sei? Nokuti akanga agara akatendeka kuShoko. Akati, “Vanhu vose vakandisiya.” Uye akadzingwa kubva pakati pevanhu, kubva musangano, kubva kunyangwe kusangano renyika, rechechi yenyika yeIsraeri, muprisita navose vakanga vamudzingira kunze, uye akange asina kunyange nejasi sezvaive zvakaita Pauro, asi chidimbu chidiki chedehwe rehwei, kana, dehwe raive rakamoneredzwa paari, uye akagara pamusoro pagomo uye akapihwa chikafu neshiri. Hongu, changamire. Sei? Nokuda kwechikonzero cheShoko raMwari, nokuti akanga akatendeka kune ZVANJI NAJEHOVHA. Zvino vese vainge voita chimanjemanje. Mudzimai wemukuru wenyika aive munyika, Jezebheri, akanga abuditsa mafashoni nezvose kunze. Uye vaprisita vakanga vabvumira kwazviri nezvimwe zvakadaro, uye navaparidzi vose nevamwe vakadaro, vakabatirana mazviri. Asi kwete Eria, akagara akatendeka kuShoko iroro. Uye nokuda kwechinhu chakadaro akasiwa, kusvikira adanidzira, “Ishe, ndini ndoga ndasara, uye vanototsvaga hupenyu hwangu.”

⁹⁷ Asi Mwari vakamupa kumwe kunyaradzwa, vakati, “Ndine zviuru zvinomwe nazvino zasi ikoko.”

⁹⁸ Munoono, handitendi kuti Eria akanzwa kuzvitutumadza pamusoro pazvo, kuti aive angori ega, asi ndinofunga kuti akanga anyanyisa kungosiyiwa. Pese paaienda kumusoro kumuprisita kunoitwa musangano, vaimudzinga. Akaenda zasi kuno, “Ibva pano, iwe mupengereki! Ibva pano! Enda unoitwa *zvakati!*” Zvakaratidza pakauya Erisha, uyo akamutsiva. Saka, vakaita sei? Ivo vakato . . . Muchinda wechidiki aive nemhanza, zvino vakatuma vana vavo vadiki kunze kuti vaite dambe nevanhu vekare “venhema.” Zvikanzi vose vari vaviri vaionekwa sevanhu venhema, vakati, “Mudhara nyamhanza! Nyamhanza, sei usina kukwira kumusoro sezvakaita Eria?” Havana kutenda kuti akakwira kumusoro. Uh-huh. Maona? Vakangofunga kuti aive boka revenhema. Asi vaive vakatendeka kuShoko, vaine shumiro yakasimbiswa. Eria akamira. Zvakanaka.

⁹⁹ Dhanieri akamira zvakatendeka. Munoziva kwandinozviwana muna Dhanieri 12, kana Dhanieri 9, ndinotenda ndiyo. Kana iwe . . . Dhanieri akamira zvakatendeka

neShoko. Chii chakaitika kwaari? Paakanga ari munhu wepedyo-pedyo kuna mambo, asi akamira zvakatendeka kuShoko, uye akadzingwa ndokukandwa mugomba reshumba. Munhu waMwari akamira akatendeka kuShoko!

¹⁰⁰ Vana vechiHebheru vakagara vakatendeka kuShoko, pasi pechiziviso chamambo chekuti “ani naani asingapfugamiri chifananidzo ichocho kana mutengeranwa waridzwa uye nehvamanda ichiridzwa, nezvimwe zvakadaro, ani naani asingapfugamiri chifananidzo chedu achakandwa muvira remoto,” zvino ivo vakafuratira chifananidzo. Uye zvi-... Ivo, zvisinei nekuti vakanga vasisafarirwe sei, zvisinei nekuti vaizodzingwa zvakadii kubva pavanhu, vakaramba vakatendeka kuShoko. Ndinozvifarira izvozvo.

¹⁰¹ Jakobho, mumwezve. Aiva ane... akanga ava nenguva refu asiri kumusha, zvino akava nekudanwa kwekuti aende kumusha kunoono vanhu vekwake. Uye akanga ari munzira yake, akatendeka pakudanwa kwake, akatendeka pakutungamirirwa kwake. Aiva nezvinhu zvichimuitira zvakana ari ikoko, asi Mwari vakatanga kushanda naye kuti aende kumusha. Zvino, ari munzira yake yekudzokera kumusha, akakandirwa pakati penzvimbo mbiri dzakamanikana. Mudzimai wake nevana vari kurutivi urwu; uye mukoma wake aimuvenga, Esau, achiyuya runo nehondo kuzosangana naye. Zvino akamira parukova rwudiki, rukova Penieri ipapo, zvino ndokumira ipapo. Uye chinhanu chakadini! Esau, achimuvenga, achiyuya nehondo kuzosangana naye, uye heunoi mudzimai wake, madzimai maviri nevana vose vari mhiri uku kworukova, uye akabatwa panzvimbo yakamanikana. Sei? Nekuti dai akagara munyika yake zvingadai zvaive zvakana. Asi akanga ane kudanwa, Shoko raMwari rakanga ramudanira kunyika yekumusha kwake. Hareruya! Mwari vakaropafadza munhu. Akawana shanduko, zvakare. Hongu, changamire.

¹⁰² Jesu, akatendeka kuShoko raBaba, “Ndinoita chete izvo zvinorehwa naBaba. Zvakanyorwa zvichinzi, ‘Munhu haangarami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.’”

Jesu, akatendeka nokusingaperi kuShoko iroro, yakasvika nguva yaAkarasikirwa neshamwari dzose dzaAiva nadzo. Mumwe nomumwe wavo vakaMusiya ndokuenda. Vose zvavo. Uye vanhu vakaMuona achinyombwa, achisekwa, vakarasa chivimbo maAri. “Ko zvingava sei kuti munhu akagona kutaura nemunhu akafa muguva uye akamumutsa, ko zvingava sei kuti munhu aigona kufanotaura zviitiko nemo-nemo uye zvisina kana...kutombokundika; zvino ogara pazvivanze nechiso chaKe chichichururuka ropa nekuda kwekudzurwa ndebvu, uye negararwa rinosemesa rakapfirwa nemasoja akadhakwa richiyerera richidzika nechiso chaKe, aine chidhende mumusoro

maKe, uye vachiMurova mumusoro nechimuti, uye vachiti, ‘Porofita utiudze kuti ndiani aKurova, zvino tichazvitenda?’” Zvokuti, vadzidzi vakangofamba vachienda, vakati, “Ah!”

¹⁰³ Munoono, vanokurumidza kwazvo kukanganwa zvakaitwa naMwari! Matauriro akaita Mosesi paGungwa Dzvuku, paakamirapo ndokuti, “Mwari vakaita minana gumi inoshamisa, muchiri nehundururani here zvekuti hamuzive kuti Vachiri Mwari?” Akaenda zasi ikoko akanorova nyika, iye—iye akaisa chituko panyika. Akaunza matatya, nhata, nhunzi, zvose hazvo, uye neku—kupertika kwakauraya matangwe ose, uye mutumwa werufu akapfuura nomunyika, asi zvakadaro vanhu ivavo havana kuda kumutevera paGungwa Dzvuku. Nokukurumidza kwazvo, apo mukurumbira wako paunongo... Pavakaona mapfumo makuru aya aipenya evarume zviuru zana vachiuya saizvozvo, kana kuti pamwe, hongu, kana kuti varume miriyoni vachiuya, uye neruzha rwengoro dzemabhiza uye neguruva richipfumbuka, vakangokanda mapfumo pasi ndokudzokera shure, “Zvinoka, Mosesi, taifanira kunge takafira kumashure ikoko.” Maona? Mwari vakati Vakavarega vachifira murenje nokuda kwokusatenda. “Mosesi, shumiro yako yapera basa, ndizvo zvoga. Hauchabatsiri zvachose.” Munoono, havanzwisise. Havanzwisise.

¹⁰⁴ Uye zvino chinhu chimwe chete chaiva apo Jesu, Rabhi muduku kana Mudzidzisi, kana Muporofita weGarirea, paAiita zvishamiso zvose zviya nezvimwe, “Ko Aizogona sei kumira uye otsungirira nechinhu chakadaro? Ko Akarega seiko mumwe munhu achiMusunga nengetani, apo iYe akagona kupamura chisimbiso kubva paguva nekumutsa munhu akafa kubva muZiyendanakuenda? Ko Aigozviita sei, apo iYe aigona kutaura kumwanakomana wechirikadzi akanga afa ndokumumutsa kuti ararama zvakare; uye naRazaro, akanga afa nekuora muguva, zvino ndokumubuditsa kunze? Ko Aigomira sei achiti, ‘Ndini Rumuko neHupenyu. Uyo anotenda maNdiri kunyange akafa asi achararama. Ani naani anorarama uye achitenda maNdiri haangatongofi.’ Uye omira achisungwa nengetani uye achisvipirwa mate kumeso, uye orega kuvhura muromo waKe?” Vadzidzi, “Arasikirwa neshumiro yaKe.” Hongu, ndiyo nzira yazvinoenda nayo. Mwari, nyika ino inonzwisa urombo!

¹⁰⁵ Kunyange chechi yaKe, vanegumi nevaviri vaAkanga afarira uye akavaudza zvinhu zvose, uye akavada, vakaMufuratira. Mumwe chete bedzi ndiye akamira naYe, ndiye murume Johane. Panguva chaipo apo zvinhu zvose zvaenda, uye tariro dzose pachisina, hapo paAiva akasungwa, uye ndokutorwa kumusoro ikoko uye akanyombwa nekusvipirwa mate, uye akaisa musana waKe kune... Vasingazivi kuti izvozvo zvaizadzisa Magwaro.

¹⁰⁶ Sei, musingazive kuti zvinhu zviri kuitika nhasi zviri kuzadzisa chaizvo Magwaro nemo-nemo? Sei vanhu vachigona

kutura zvinhu izvi? Sei masangano aya achiita hasha? Sei vachidaro? Zvakanyorwa muMagwaro kuti vachazviita. Vanotopinda mazviri uye vozviita ivo pachavo, muhupofu, vasingazivi kuti vari kuzviita. Munofunga kuti Judhasi aiziva kuti akanga achitamba chikamu chaJudhasi here? Munofunga kuti Farao aiziva here kuti aiita chikamu chacho, apo Mwari vakamusimudza nokuda kwechinangwa ichocho? Munofunga kuti Esau angadai akaita zvinhu zvaakaita here? Zvirokwazvo kwete. Akati, “Vane maziso uye havagoni kuona, nzeve uye havagoni kunzwa.” Asi tarisai Gwaro, richingobhedhenuka. Maona? Tave panguva yekupedzisira, zvinofanira kuva sezvazviri.

¹⁰⁷ Zvino, chechi yaKe yakaMusiyi. Vanhu vose nezvisikwa zvakaMusiyi. Taura nezvemumwe munhu achisiiwa, Pauro haana kumbosiiwa zvachose kune kwaAkava nako. Kunyange zvisikwa chaizvo zvaAkasika zvakanga zvichiMusiyi. Mwedzi nenyeredzi nezuva, nezvose, zvichidzima. Munhu, Mwari, zvisikwa nezvinhu zvose zvakaMusiyi, pasina chaive chakamira ipapo, Akafa ari ega. Akarasikirwa neshumiro yaKe here? Akanga ari kuzadzisa shumiro yaKe, kwete kurasikirwa nayo. Ndizvo zvinofambirana nazvo. Ndicho chinhu chinoitika. Ndizvo zvinofanira kuenda pamwe nazvo.

¹⁰⁸ Zvino, zvinhu zvose zvakaMusiyi. Asi paive panguva iyoyi apo Mwari vakauya pachitiko ichi, nokuti chero munhu upi anoziva Shoko achagara neShoko, achiziva kuti Shoko ndiMwari. Maona? Uye Shoko rinofanira kuZvibhedhenura. Shoko risingakundiki rinofanira kuZvibhedhenura. Rinotofanira, kudaro, nokuti Shoko ndiMwari. Uye kana Rakashanda pane vamwe zvichidzika nemuzera rose, Richashanda nenzira imwe cheteyo iko zvino, nokuti iRo ndiMwari. Usambofa wakakanganwa izvozvo. Nokuti Jesu aiziva kuti zvaAive ari huzaro hweShoko, Akanga asingori Muporofita bedzi, Aiva Mwari pachaKe. Akanga ari Shoko. Ndicho chikonzero chokuti aisangova munhu chete akaMusiyi, asiwo zvisikwa zvakaMusiyi. Zvisikwa zvose zvakaMusiyi, zvose, nyeredzi, mwedzi, uye zvaisava nechiedza paAkafa. Zvinhu zvose zvakaMusiyi, munoona, nokuti Akanga ari Musiki wezvinhu zvose. “Akanga ari munyika, uye nyika yakaitwa naYe, uye nyika haina kuMuziva.” Maona? Akanga ari Musiki wezvinhu zvose. Zvinhu zvose! Zvino, chinhu choga, icho isu. . . Hatisike asi tinoedza kushandura, uye avo vatinoedza kutendeutsa ndivo vanosiya vofamba vachienda. Maona? Kana nguva yasvika yekuti Shoko rinyatsoZviratidza, zvinofanira kuva saizvozvo. Zvino, chingorangarirai, ndipo apo Mwari vanouya panzvimbo.

¹⁰⁹ Uye muhupenyu hwaIshe wedu Jesu, mabasa makuru aAkaita mugore rokutanga nemwedzi mitanhatu yehupenyu hwaKe, oo, kuti Akanga ari Murume mukuru sei! Hakuna

kumbova nechakaita saYe panyika, hakuna kumbovapo kubvira nakubvira, kana kuzombovapo munguva inotevera. Asi chii chakaitika? Akatowana kunyombwa kwakawanda kupfuura chero ani zvake, vose zvavo vakabatanidzwa pamwe chete. Kunyombwa nezvisikwa uye kunyombwa nezvakasikwa, kunyombwa nezvinhu zvose, nekuti zvaive muchimiro chakatsveyama. Ndicho chikonzero mwoyo yevanhu ichinyomba muranda wechokwadi waMwari, nokuti yakatsveyama. Zvisikwa zvakatsveyama, ndicho chikonzero.

¹¹⁰ Kana zvisikwa zvakanaka sezvazviri, zviri zvakatsveyama, ko zvichazovei kana zvashandurwa zvichidzokera mukuda kwaMwari? Kana nyika ichigona kubereka mazambiringa anotorera varume vaviri kuatakura kumusana kwavo, ko zvichazovei, uye iyoyo iri nyika yakatsveyama, zvichazovei kana yashandurwa ichidzokera kuna Mwari? Kristu akauya, renje richadombera seruva rerozi. Kuchava kushandurwa. Uye nzvimbo dzakaoma dzichatubuka nemvura, uye nyika ichatumbuka maruva pamwe nokudombera. Oo, ichava imwewo nguva, uye apo mwoyo yevanhu ichashandurwa kuva vanhu vane humwari, avo vari kuita sarudzo yavo zvino, vachagara munzvimbo iyoyo. Amenii.

¹¹¹ “Nguva iyoyo yerima, pakati pematombo aitsemuka uye nematenga achisviba,” akadaro nyanduri, “Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe ndokufa; chidzitiro chaivhurika chakazarura nzira yemifaro yeDenga uye nezuya risingaperi.” Akatozoita izvozvo kuitira kuti atigadzirire nzira. Ndizvozvo. Asi Mwari vakaitei? Aive akatendeka kuShoko uye iYe ndokumbundira muchinjikwa. Asi kwaiva kupera kweshumiro yaKe here? Shumiro yaKe yakanga yapera basa here? Mwari vakaigadza nekورونا hurusa iyo yainge yati yambogadzwa. Vakaigadza korona mangwanani eEsta, parumuko. Vakagadza korona pashumiro yaIshe wedu Jesu, Akamuka kubva kuvakafa uye mupenyu nekusingaperi. Akange asina kupera basa nekuda kwekuti vanhu vese vakaMusiya, Akagadzwa korona! Hongu, changamire. Hongu, changamire. Akagadzwa korona nokuti Aive, akanga arambwa, uye Vanofanira kuzviita paVakaMumutsa kubva kuvakafa.

¹¹² Zvakanga zviri zvimwe chete naEria. Tataura nezvake nguva shoma yapfuura. Eria, muporofita uya wakare anonzwise urombo akapera basa aive akarara kunze uko murenje, uye ndokutozopihwa chikafu cheizvo zvaaitounzirwa neshiri. Uye kamuviri kake kadiki kakaondoroka kakanga kakombama, kaitaridzika kuva mushava, kachinu kemafuta kadiki kakaremba padivi pake, ndebvu dzake dzose dzakabuda kunze, uye musoro pamwe uine mhanza uye wakatsva nezuya, ave kuremara, achidzika nemudonzvo sezvizvi, asi zasi-zasi kwemoyo mudiki wekare iwoyo kwairova Mweya waMwari. Mwari pavakaona muranda waVo mudiki akwegura akaneta

achidzika kunosvika kumagumo, munhu wose achimusiya, nezvimwe zvose, Vakamurasisa here? Vakatumira ngoro yemabhiza pasi, ndokutakura muranda waVo akanga aneta, “Hautombodi kunge uchifamba uchikwira sezvakaita Enoki, Ndichakuendesa kumusha uri mungoro yemabhiza.” Ndizvozo chaizvo. Akapfekedza shumiro yake korona nekutakurwa nengoro achienda kumusha. Izvozo hazvina kunyanya kushata, munoziva. Hongu. Hongu, ainge asina kusungirwa kufamba achienda kumusha, Vakangotumira ngoro ndokumutakura nokuti akanga aneta. Ndinozvifarira izvozo. Amen. Muranda akaneta anonzwise urombo, mudiki, akwegura, Vakamutakura ndokuenda naye Kumusha.

¹¹³ Yaive nguva iyo Dhanieri akamira akavimbika kwazvo kuna Mwari, apo paakapinda...Vakati, “Murume uya, munoziva, aimbova muchinda mukuru muno muhumambo hwuno. Akataura mhando dzezvinhu zvese. Uye akaunza vauki, akavadzidzisa zvinhu.” Uye maMedhia-Peresia uye kuti akazviita sei. Asi pasi pehutongi hwaDhariansi, aiva Dhanieri akaramba akatendeka kuna Mwari. Akanga ari Dhanieri akagara neShoko raMwari uye aisazovhengana nechimwe chinhu. Uye ndokuti, “Saka, shumiro yake yapera basa, nokuti ndazviona mubepa remuno, achakandwa mugomba reshumba mumazuva mashoma.” Ari kuenda kujeri reHurumende, kana chimwe chinhu, munoona. “Asi tichamukanda mugomba reshumba.” Asi Mwari vakaiti? Mwari vakasimbisa shumiro yaKe nekushandurwa kwemoyo wamambo, zvekuti Dhariansi akatumira kumitaura yose, vanhu pasi rose, kuti munhu wose anofanira kutya Mwari waDhanieri, nokuti Aive Mwari aigona kudzikinura. Amen.

¹¹⁴ Saka, munoona, panguva iyoyo apo vanhu pavanosiya vanhu, varanda vaMwari vanoramba vakatendeka kuShoko, kuti Mwari vanosimbisa shumiro yavo nenguva yekugadzwa korona.

¹¹⁵ Hongu, vaive vana vechiHebheru pasi pekutonga kwaNebhukadhinezari, pavakaramba kupfugamira chifananidzo. Vakaramba vakatendeka kuna Mwari nekuti Shoko raMwari rakati, “Usapfugamire chifananidzo chipi zvacho, uchichinamata.” Vakaramba vakatendeka kuShoko. Uye zvaive mubepa remunharaunda, munhu, zvose nezvazvo, chero zvazvaive mumazuva iwayo. Vaive nzira dzekuparadzira nhau. Kwete mubepanhau remunharaunda, zvirokwasvo kwete, kungozvitauro kuti muve nepfungwa yacho. Asi maiva imomo mavaizovapisira muvira remoto raipisa zvakapetwa kanomwe. Kwemazuva izvi zvisati zvaitika, vakakandiramo zvinhu zvose kuti vira ripise chaizvo zvekuti raive richipisa zvakapetwa kanomwe, kupisa kwaipfuurira mwero zvakapetwa kanomwe. Handiti, ungadai wakavaparadza, kupinda mukati memayadhi zana kubva pauri. Asi vakapinda muvira remoto chaimo, uye

ndokubuda vasina kana kunhuwa kwemoto pavari. Zvino Nebhukadhinezari akati, “Munhu wese anotadza kunamata Mwari uyu, regai vana vake naiye vauraiwe, imba yake igopiswa uye igoitwa durunhuru.” Ndizvozvo chaizvo. Maona? Iye... Vaive nerumutsiro rwepasi rose nekuti vaive vakatendeka kuShoko. Ndizvo zvinoitika. Hongu, changamire. Gara wakatendeka kuShoko, hongu, uye zvinogara zvichibhadhara zvinoshamisa.

¹¹⁶ Jakobho, tataura nezvake nguva yadarika. Ndine zita rake rakanyorwa zasi pano. Heunoi pano, mbwende diki, asi akanga achigara. Aitya Esau aive mhiri uko. Ini zvangu, ini zvangu! Uye aiziva kuti akanga ari kure naMwari. Akambenge ari kure naMwari kwemakore ose aya, asi aigara achiedza kugara akatendeka kuShoko iroro. Zvino apa Mwari vakamudaidza ndokumuudza kuti aende kumusha kwake. Heunoi ari mugwara chairo rebasa, uye hapo pakanga paina Esau aine hondo. Paiva panguva iyoyo paakashandurwa kubva pazita rekuti *Jakobho*, “tsotsi, munyengeri,” kuve Jakobho... “muchinda pamberi paMwari,” paakabuda mangwanani akatevera, aine shumiro yake yakashongedzwa korona. Akanyatsobuda kunze ndokusangana naEsau, uye haana kuda rubatsiro kubva kwaari. Amen. Kutendeka kuShoko. Ndiyo nzira iyo Mwari vanoita nayo zvinhu, handizvo here? Va—Vanoita zvinhu nenzira yaVo pachaVo. Zvakanaka.

¹¹⁷ Vazhinji vehama dzangu, vane mukurumbira mukuru nhasi pakati pehama dzavo dzemasangano. Ukangotaura zita rimwe chete, vakomana, uye zvakangofanana nemoto, chero kupi zvako, ndizvozvo, ukangotaura rimwe zita iri remunhu uyu. Uye, shure kwezvo, Ishe pavakataura neni zasi parwizi zuva riya, zvakatungamirira rumutsiro urwo rwakapoterera pasi rose, kubva ipapo kwakauya mumwe nemumwe wevavhangeri vakuru ivavo.

¹¹⁸ Vakadzokera chaiko kune hama dzavo, munoona, masangano iwayo avakabuda maari. Vanouya kunze kuno voita musangano uyu, vakasangana nemasangano, vanonyatsodzokera maari chaizvo zvakare. Vane kufarirwa kukuru, mazita makuru paredhiyo, mapepa, nezvose. Munhu wose anotaura zvakanaka nezvavo.

¹¹⁹ Asi vanhu vose vakandisiya nokuti ndakatora Shoko rechokwadi, ndikamira neShoko. Ndakagara ipo pano pane zvaAkataura kwandiri, ndikaparidza Shoko, kwete pfungwa yesangano. “Paridza Shoko,” ndiko kwaive kutumwa kwangu, “gara neShoko.” Uye, hama, imi muri kuteerera izvi patepi, ndakanga ndiri muchinda mukuru pandakauya pakati penyuru, ndichingoporesa vanorwara, ndichitaura nezvezviratidzo nekuratidza zvinhu. Asi pandakatanga kukuudzai Chokwadi pamusoro peShoko, ko makandifuratira nokuda kwei?

Munocherechedza here kuti zviru kungozadzisa zvakataurwa neGwaro? Hongu, zvinoina saizvozvo. Zvino handichakwanisa kupinda mune chero zimbo.

¹²⁰ Tsamba inouya nguva dzese. Imwe yakauya rimwe zuva, ikati, “Hama Branham, ndaive nechivimbo chikurusa mamuri, asi ndakakunzwai muchitaura kuti rimwe sangano randinopinda rakanga richidzokera shure.” Akati, “Handichisina chivimbo mamuri zvachose zvino, kubva zvino zvichienda mberi.” Akati, “Paiva nehama dzesangano rangu dzinenge makumi maviri nevashanu dzakanga dzakagara mune mumwe wemisangano yenyu,” akati, “takangobva ta—tasimuka pakarepo ndokuenda pamakataura kudaro.”

¹²¹ Saka, vanhu vese vandisiya, asi pane chinhu chimwe chete, Akamira neni!...?...Handisi, handina kutadza kuteerera chiratidzo cheKudenga chakaitika zasi uko parwizi. Ndakaramba ndakatendeka kwachiri. Ange akatendeka kwandiri. Ndiri kuvimba maAri, rimwe zuva, handizivi kuti riinhi, pova nokugadzwa korona kweshumiro yangu. Ndakaramba ndakangotendeka sekukwanisa kwandinogona kuva. Handizivi zvazvichava. Handizivi kuti zvichave rinhi. Uye ini, paAnenge agadzirira, ini ndiri. Handina basa nazvo. Ndinovimba kuti Achagadza korona pashumiro yangu nezvizvi, zvekunditendera kutora hanzu dzeShoko, uye ndopfekedza Mwenga waKe munguwo yeShoko, uye nokuda kwekururama kwaKe. Ndinovimba kuti Achandigadza korona, ondirega ndichimira pazuva iroro, ndoti, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika.”

¹²² Kune zvikomo zvakananda zvekukwira kumusoro, mutoro wacho, dzimwe nguva unowoma; asi Uyo anonongedza nzira, anoziva chaizvo zvakanakisa. Anoziva zvakanakisa. “Matambudziko enzira achave pasina, kana tasvika kumagumo kwenzira.” Ngatitsvagei iwo matsimba etsoka ane ropa. Ingorangarirai, shamwari, “Jecha rakasukwa remumatsimba etsoka dzeMuenzi uya pamahombekombe eGarire; uye inzwi riya rakanyaradza mafungu akakwasarira, harichazonzwikwizve muJudhea zvachose. Asi nzira yemuGarire uya aive ega, nemufaro kwazvo ndichaitevera nhasi; uye matambudziko enzira achaita sepasina, kana ndasvika kumagumo enzira.”

¹²³ Muchikamu chino chokutanga cheRugwaro chandaverenga, uye chaAkandipa, ndakanga ndiri murume wechidiki, ndingori mukomana, ndakamira kunze uko, mapendekete akati twasu, chipfuva chakabuda kunze, bvudzi rakawanda rakaita semasaisai, dema. Uye zvino ndinomira ndakakombama mapendekete, ndiine mhanza, ndichichena vhudzi, murume akwegura ane makore makumi mashanu nematatu okuberekwa. Asi Anowedzera kutapira nekufamba kwemazuva. Uye

handina kunzvenga kukuzivisai Evhangeri yose yaJesu Kristu. Uye chishuwo chemoyo wangu ndechekusangana neChechi yaAkafira, yakapfeka kururama kweRopa raKe Amene, yakapfeka Shoko raKe nokururama kweShoko raKe, nokuti Shoko raKe haringakundiki. Uye nokudaro, ndinoziva kana ndikamira neShoko uye ndova ndakatendeka kuShoko, uye kana Shoko rikagara mandiri uye ini maAri, nezuva iroro ndichafara kuti ndakaramba ndakatendeka.

¹²⁴ Handizivi kuti ramangwana rakamira sei, asi munoona patiri, hamudaro here? Munoona chikonzero sei munhu wese ari kutaura, kunyangwe kune dzimwe dzeshamwari dzangu chaidzo, vakati, “Nhai zvenyu, Hama Branham vanyatsopera basa.” Maona? Hongu. “Vazoniyatsopera basa.” Maona? “Ah, hatichanzwa zvakanwanda zvichiitwa.” Maona? Saka, isu. . . Ivo havangonzwisise, ndizvo zvoga, havangozvinzwisise. Maona?

¹²⁵ Ndinofunga kuti chinhu chikurusa chaidiwa naPauro, paakati, “Nguva yangu yakwana zvino,” chishuvo chikurusa chemwoyo waPauro chaive chokuva uyo anofira chitendero. Ndicho chaiva chishuvo chemoyo yavo vose mumazuva iwayo. Kana ivo. . . Wakamboveenga here Bhuku re*Foxe’s Book Of The Martyrs*, uye nekuverengawo zvakare *The Nicene Council*? Kukudzwa kukurusa kungavapo, apo vakasiyana-siyana (naPolycarp nevamwe) vakapinda mugomba reshumba, vakadanidzira nomufaro. Vakapindamo vachiziva kuti vaizova avo vanofira chitendero. Pavakapiswa pamatanda, vakadanidzira nemufaro, nokuda kwekukudzwa kwekuve mufiri wechitendero. Pauro paakafamba achidzika kunzvimbo iya inogurwa misoro, kuti adimburwe musoro wake, akatungamirirwa kubva muimba iya yetirongo, kanzvimbo kadiki kekare kane tsvina zasi ikoko, mugomba raiva pamadziro, mavakanga vakamuisa. Ndakafamba zasi ikoko ndikanokatarisa. Kakamuri kadiki kekare kepasi kumashure uko kwavakandira mutumbi wake makari. Uye zvino vanoda kumuita mutsvene kana chimwewo chinhu. Boka rimwe chete revanhu! Ipapo akafamba achienda zasi ikoko. Akati, “Oo rufu, rumborerwa rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripiko? Asi Mwari ngavavongwe Vanotipa kukunda kubudikidza naIshe Jesu Kristu. Ndarwa kurwa kwakanaka. Ndapedza rwendo. Ndakachengeta Kutenda. Kune korona yandakachengeterwa, uye kwete ini chete, asi avo vose vanoda kuonekwa kwaKe.”

¹²⁶ Tasvika pandima 6 zvino, kusvika pa 18. Handizivi kuti ichandiverengera kuti chii, asi ndiri kungokutaurirai zvapanoverenga pachiiita pamusoro pevamwe. Uye ndicharamba ndakatendeka kuShoko kusvikira Vapedza. Ndipo pane shumiro nhasi. Handina kupera basa. Ndinovimba kuti ndatongowedzerwa. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Ngatikotamisei misoro yedu zvino tichinamata. . . ? . . .

127 Pane tambo diki inodzika pasi kubva paChigaro chehushe manheru ano, inodaizwa kuti tambo yeHupenyu. Ndiri kunamata, ndinovimba ichakweva munhu wese asina kutendeuka ari muno. Haunganavire mudenga woibata here, shamwari mutadzi? Unoti, “Hama Branham, mati mave kuchembera, uye ndinofungidzira ndicho chikonzero muri ku...” Kwete, hama, hanzvadzi. Ndichingori mukomana mudiki, ndakatenda iZvi. Ndakapa hupenyu hwangu nokuda kwaYo. Uye pane kungozvidemba kumwe chete kwandinako, handina kunze bedzi kwehupenyu humwe hwekupa. Dai ndaiva nezviuru gumi zvehupenyu ndaizoda kuhupa hwose nokuda kwaYo. Hongu.

128 Haugabati here Tambo painopfuura manheru ano, nepanzira yako? Unoti, “Hama Branham, handina kukodzera kuIbata.” Ndinoziva kuti hauna, mwana. Asi iwe enda unoita chimwe chinhu kuti ukodzere, uye ugondiudza zvawaita, ndinoda kuzviitawo, zvakare. Hapana kana chinhu chaunogona kuita kuti uve wakakodzera. Wakazvarwa usina kukodzera. Pane chinhu chimwe chete chaunogona kuita, ingobata nzira yakagadzirirwa iwe. Uri kunyura, usanyura mazviri. Mwari vakakanda tambo yeHupenyu, ngati—ngatisvikirei tiitore manheru ano.

129 Baba voKudenga, ndinorangarira ipo pano papurupiti imwe chete ino, nzvimbo iyi imwe cheteyo yandakataura nezvayo mangwanani aye, paye pandakakumikidza chechi panzvimbo ino chaipo. Uye ibwe riya repakona riri apo, richiri rakabata peji yakabva muBhaibheri pandakazvinyora. Ndikati, “Ishe Jesu, nenyasha dzeNyu ndichagara ndakatendeka kuShoko.” Uye zvino ndiri kuona kuti rakaburitsa chaizvoizvo zvarakaita mune dzimwe nguva. Uye hezvino ndiri pano mutabhenakeri ino manheru ano, mushure mekufamba pasi rose, nokudzoka zvakare, uye dombo duku repakona richiri ipapo uye bepa riri mariri. Ndinzverei, Ishe Mwari. Ndakakanganisa kakawanda. Nda—ndakatadza, Ishe. Nguva zhinji ndakaKukundikai, sezvandangopupura nguva yadarika pamusoro pekukundikana. Mwari, ini—ini, nekukurumidza ndazviita, ndi—ndi—ndinoda ruregerero. Mumoyo mangu ndinoKudai. Ndi—ndinoziva kuti Makandiratidza nguva pfupi yadarika nzvimbo iya yatiri kuenda. Handizivi paMunopedza neni zvino, Ishe. Ndi—ndiri pano manheru ano, ini...nenyasha dzeNyu. Uye ini—ini handizive paMunopedza, asi ndinoziva kuti izvi zvinofanira kuzosvika kune izvi. Asi kana yasvika nguva iyoyo, ini—ini handidi kuva mbwende. Ndinoda kumira sekumira kwakaita vamwe vose. Asi, Mwari, kana—kana—kana ndichizofanira kusimbisa chapupu changu nehupenyu hwangu pachangu, kana chipi zvacho chinofanira kuitwa, Ishe, igadzei korona ipapo. Kwete kundipfekedza korona; gadzai korona shumiro yandakaparidza, Ishe, iShoko reNyu. Uye ndinoziva kuti

Shoko iroro rinokwanisa nekupfuurira kundimutsa zvakare parumuko. Uye handinyari neShoko randakaparidza, nokuti Isimba raMwari rokuponesa kune avo vose vanotenda.

¹³⁰ NdinoKutendai nokuda kwechechi duku ichiri yakamira nhasi. Pandakatora sarudzo yokumira neShoko, vaporofita vakaporofita uye vakati, “Mukati memwedzi mitanhatu ichashandurwa kuita garaji.” Makore makumi matatu apfuura, yave kutobvira zvakanyanya nhasi kupfuura zwayakanga iri kwemakore. “Padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu.” TinoKutendai nokuda kwemufundisi wedu. TinoKutendai nokuda kwemadhikoni, matirastii. Tese tine kachikamu kadiki kekuita, Ishe, uye tinoda kukaita zvakatendeka, tinoda kukaita nemazvo.

¹³¹ Panogona kunge paine vamwe vari muno vanoda kubatana nesu manheru ano, Ishe. Uye majoinhire avanoita, kungobata tambo diki iyi yeHupenyu uye votanga kudhonza, voImonera pachiningoningo chavo, volsunga yakamoneredza pamwoyo yavo, uye voti, “Zvino, Ishe, dhonzai, ndisimudzei mudenga,” uye vachauya vachipenya segoridhe. Zviitei, Ishe. Tinotaraisira nguva iyoyo.

¹³² Tinotenda kuti yava pedyo nekuguma. Tinoona kuti sezvatanga tichidzidzisa pano, Zera reChechi yeRaodhikia ravepo zvino, tinoona kuti hapagoni kuva nechimwe chinhu chinoitika kunze kweKuuya kwaShe. Uye, Ishe, haingavi here korona huru yeShoko, kuona Korona pachaKe achiuya? Ndinoda kunge ndakamira pano uye ndoti, “Hoyo Uyo, ndiro Gwayana racho.” Sezvakaite Johane. “Tarirai Gwayana ratanga takamirira, ndiYe wacho.” Ishe vachakurumidza kuuya kutemberi yaVo, votora vanhu vaVo muKubvutwa.

¹³³ Tiitei kuti tigadzirire, Baba. Shambai mwoyo yedu muRopa reNyu. Tinatsei nokutichenesa, kuti Shoko reNyu rigare matiri. Uye dai tikarangarira kuti tinofanira kuita zviru maererano neShoko, kuitira kuti Rigobata uye rigoshanda. Itai kuti mutadzi wose atendeuke. Ropafadzai munhu wese ari muno. Vatsvene, avo, vamwe vevarwi vekare ava vanokosha, Ishe, vanga vachirwa muhondo kwemakore, vachisekwa, vachitaurwa nezvavo uye vachinyombwa. Vachiri kuenderera mberi nekuti vane Hupenyu. Vanoziva Uyo wavakatenda, uye vakagutsikana kuti Anokwanisa kuchengeta icho chavakakumikidza kwaAri. Tinokutendai nokuda kwaizvozvo. Tinonamata kuti Mupodze vanorwara vari pakati pedu. Bvisai zvitadzo zvedu zvose pamwe nehurwere. Uye, Mwari Baba, Zviwanirei mbiri.

¹³⁴ Ndine shamwari dzakawanda kwazvo dzakakosha, Ishe. Ndi—ndinovada, uye ndinoziva vamwe varume vakapfuura nemuzera, zvakare. Shamwari dzinokosha, shamwari dzine rudo, dzechidiki nedzechikuru, uye tinovada nemwoyo wedu wose. Zvino itai kuti tive vechokwadi, Ishe, tingori vechokwadi

kuShoko, kuti tigosangana navo munyika iri nani rimwe zuva uko kusingazovi nekusuwa kana kusuruvara. Tiri kutarisira Kuuya kwaShe, muchinguvana. Tinotenda kuti Achauya.

¹³⁵ Zvino ropafadzai uyo asingatendi ari pano manheru ano, Ishe, uye dai akava mutendi uye oKugamuchirai soMuponesi wake manheru ano.

¹³⁶ Uye apo takakotamisa misoro yedu, kana paine mumwe munhu pano musoro wako wakakotamiswa, angati, “Hama Branham, pakadzika-dzika mumoyo mangu, ndi—ndinoda kusvika kumagumo enzira, ndichirwa kurwa kwakanaka. Ndinoda kuva Mukristu. Ndichasimudza ruoko rwangu.” Mwari vakuropafadzei, uye Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, imi. “Ndinoda kusvika kumagumo enzira yangu, ndiine kurwa kwakanaka shure kwangu. Ndiri kugamuchira Kristu iko zvino. NdinoMuda kuti ave Mubatsiri wangu.” Zvakanaka, Ishe vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, mudzimai ari kumashure. Ndizvo zvakanaka. A—Anokuzivai. Ndakadzidza zvakanakwana nezvaKe mumakore ose aya, angangoita makore makumi matatu nemaviri zvino ndiri kuseri kwepurupiti, ndakadzidza zvakanakwana nezvaKe zvino kuti ndizive kuti Anoziva mafambiro ese aunoita. Anoona kadhimba. Bvudzi remusoro wako rakaverengwa. Munoono, Anoziva zvose pamusoro pazvo. Iwe ingosimudza ruoko rwako, uye uzvirevese, ndizvo zvega zvaunofanira kuita. Uye pane mvura yakagadzirira.

¹³⁷ Rangarira, unoitai sei? Unotendeuka, wotenda kuEvhangeri, wozobhabhatidzwa (Kuitira chii?) kuitira...muZita raJesu Kristu, kuti uregererwe zvivi zvako. Ndicho chapupu chako, chokuti wadaro. Zvitadzo zvako zvaenda kana wabhabhatidzwa; wazvireurura, uye unotenda. Haungabati here tambo yeHupenyu iye zvino paInokweva nepamoyo pako, uye ichiti, “Huya nekuno uku, mufambi. Famba neNi, takura muchinjikwa waNgu pauri. Dzidza paNdiri, Ndiri munyoro uye ndakaninipa mumwoyo, uye mitoro yaNgu yakareruka.” Ingosvikira uye woIbata.

¹³⁸ Makristu mangani ari muNzira manheru ano, imo muno, anofara kuti makatanga kare-kare? Wakatotanga kare, uye wave zasi-zasi munzira, uchiri kudzika wakananga kumagumo. Ndinonamata kuti Mwari vagadze korona pashumiro yako, chero zvaingava. Ingava amai vemumba. Ndinonamata kuti Mwari vagadze korona pashumiro yako. Ingava muparidzi. Ingava mudhikoni. Ingava nhengo zvayo yechechi. Ingava murimi. Handizivi zvairi. Chero zvaingava, dai Mwari vakagadza korona pahupenyu hwako nekubwinya kweShoko raVo, uye neKuuya kwaVo Kwechipiri vakubvute uye vokuendesha kune imwe Nyika kwaunozongonzwa sehove diki iya yandataura nezvayo, inobva murima zasi ikoko. Munoono, hawaikwanisa kuenda kumusoro Ikoko nemhando

ino yemutumbi. Uye zvakare haugoni kuenda kumusoro seava vafambi vemuzvitundumuseremusere, munoono, unofanira kunge uri mutangi rakavhutidzwa simba. Iwe hauna kuvhutidzwa simba rinoenderana naikoko. Asi kana Mwari vakushandura, unenge wavhutidzwa simba ipapo, wava kupinda muKubvutwa ipapo. Kana pfungwa idzi dzepanyika dzaraswa, uye waenda munzira iyoyo inobwinya yemuchinjikwa, uchienda Kumusha naJesu.

¹³⁹ Zvino, Mwari Baba, tinoKutendai nokuda kwemaoko aya asimuka kuti vave Makristu. Ndinotenda kuti vazvirevesa mumoyo mavo. Ndinovanamatira, kuti varege kuzombokundika chero nguva ipi zvayo. Uye kana vakakundikana, dai nokukurumidza vawana Murevereri ari kuna Baba. Zvandaakadzida kuva chinhu chikuru, Baba, kuti pandinoita zvikanganiso zvangu zvese, ipapo ndobva ndaona kuti ndine Murevereri, nekukasika chaiko, ari pamwe naBaba, kubudikidza naJesu Kristu. Uye ndinodzoserwa munyasha zvakare. Ruoko rune rudo rwaIshe rwunopukuta, pane Chibairo chine ropa chiripo icho chandinopupura kuti ndiye Muponesi wangu.

¹⁴⁰ Vese vanorwara nevanoshaya, ndinonamata kuti Mugovapa zvavanoshuvira uye mugopodza hosha dzose, Ishe. Uye avo vari pano zvino vagere pasi pechizoro ichi chinobwinya cheMweya Mutsvene, apo tinoUnzwa uchidururirwa zvinotapira pamusoro pemweya yedu.

¹⁴¹ Mwari Baba, Munoziva zvandaifunga nezvazvo ndichidzika kubva kuCanada rimwe zuva. Ndaifunga, “Oo, ndingada sei kupinda murumutsiro rwechinyakare zvakare, uye vangori vatsvene vaMwari, vachiimba, uye nesimba raMwari, richidonha.” Oo, mwoyo wangu unozvishuvira sei izvozvo, Ishe. Ngapave nerumutsiro rwakadaro mutabhenakeri ino, oo, dai simba raMwari rachi—rachingodururwa zasi muhova dzenyasha, rapinda mumwoyo wose.

¹⁴² NdinoKutendai nokuda kwenzvimbo ino diki, Ishe. Hatina kukwanisa kuichengeta nenzira iyi, dzanga dziri nyasha dzeNyu dzakaichengeta iri yemweya. Uye zvino ndinotenda, Ishe, nzvimbo duku yakanyanyisa kuva yemweya munyika, yandinoziva, iri pano chaipo pana Eighth naPenn Street. NdinoKutendai sei nokuda kweizvi, Ishe! Ndichipinda mumachechi uye ndovaona vachitonhora uye vasina hanyin’a, uye vakadzi vaine hushingi kwazvo zvekuti havatombonyari, uye pasina kana “ameni” kana musodzi padama, kana chii zvacho, uye pasina ruponeso, pasina chii zvacho kunze kwekungojoinha chechi yavo uye nekutaura chitendwa chavo. O Mwari, zvino wozopinda munzvimbo diki inotapira inodziya umo moto yakavakirwa paartari yega-yega yemoyo wavo. Inyaradzo yakadini, Baba! Inyaradzo yakadini! NdinoKutendai, Baba,

uye dai yaramba iripo kusvikira paKuuya kwaIshe Jesu. Tiropafadzei pamwe chete zvino.

¹⁴³ Uye mangwana iSabata. Uye, Ishe, ndibatsireiwo mangwanani, kana mujenya wandiwira kuti ndiparidze nezve *Kuverenga Nenhendashure* kuya. Mwari, dai ndakwanisa kuiunza nenzira yekuti vanhu vazozviona, Ishe. Uye zvino dai vaona chinhano cheshumiro, uye nepairi, uye nezvatakamirira, uye kuti sei zvinhu zvese zviri kuitika nenzira yazviri. Dai vakaverenga kubva pandima 5 zvichienda mberi, uye ipapo vocherechedza panzvimbo patakamira.

¹⁴⁴ Uye zvino, Baba, ndinonamata kuti Mutiropafadze uye mutipe zororo rakanaka mumitumbi yedu, uye mutidzose mangwana. Ropafadzai vanhu vose ava vakamira pamadziro, uye vakazendama netsoka imwe vachienda kune imwe. Madzimai, varume, vakatomira kuri kunaya kunze uko, nepamahwindo, uye nevakagara mumotokari dzavo, uye nekwese kumusoro nezasi. Ndinonamata kuti Muvaropafadze, Ishe. Dai vaenda kumba nenyasha dzaMwari mumoyo mavo. Ndinonamata nemuZita raJesu. Amenii.

¹⁴⁵ Munonzwisisa here zvino? Verengai kubva, kutanga, Timotio Wechipiri 2:4, Timotio Wechipiri 4, kubva pandima 5 zvichidzika, musati marara manheru ano, kana muchikwanisa, uye muchaona patiri. Sei varume ivavo vakamusiya? Sei vasina kuuya? Uye zvino chingoenzanisa shumiro iyoyo nezvatiri kukupfuura nemazviri nhasi. Enzanisa dzidziso yaMutsvene Pauro. Munorangarira muchinhu chidiki cheKudenga chandakaona, ndakati, “Saka, Pauro achafanira kumira nevanhu vake here?”

Vakati, “Hongu.”

¹⁴⁶ Ndikati, “Ndakaparidza Shoko rimwe chete raakaita, chaizvoizvo, ndakagara neEvhangeri imwe chete.”

¹⁴⁷ Uye mamiriyoni akakandira maoko avo mudenga ndokuti, “Takazorora pane iZvozvo.”

¹⁴⁸ Ishe vakuropafadzei. MunoMuda here?

Kusvikira tionane! Kusvikira tionane!
Kusvikira tionane!



CHINHANO CHAZVINO CHESHUMIRO YANGU SHO62-0908
(Present Stage Of My Ministry)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, Gunyana 8, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org